

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1/25 DU 05 NOVEMBRE 2021 PORTANT  
REGLEMENTATION DES MIGRATIONS AU  
BURUNDI

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi Organique n°1/03 du 20 février 2017 portant Missions, Organisation, Composition et Fonctionnement de la Police Nationale du Burundi ;

Vu la Convention de Genève du 28 juillet 1951 relative au Statut des Réfugiés, telle que ratifiée par la Lettre n°049/1403 du 19 juillet 1963 ;

Vu la Loi n°1/209 du 31 octobre 1975 portant Ratification de la Convention de l'Organisation de l'Unité Africaine du 10 septembre 1969 régissant les Aspects Propres aux Problèmes des Réfugiés en Afrique ;

Vu la Loi n°1/013 du 18 juillet 2000 portant Réforme du Code de la Nationalité ;

Vu la Loi n°1/08 du 30 juin 2007 portant Ratification par la République du Burundi du Traité d'Adhésion du Burundi à la Communauté Est-Africaine, signé à Kampala, Ouganda, le 18 juin 2007 ;

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/25 RYO KU WA 05  
MUNYONYO 2021 RISHINGA AMATEGEKO  
AGENGA URUJA N'URUZA RW'ABARUNDI  
N'ABANYAMAHANGA

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/03 ryo ku wa 20 Ruhuhuma 2017 rishinga imrimo y'lgoris i'Uburundi, ingene gitunganijwe, abakigize, n'ingene gikora ;

Yihweje Amasezerano y'i Genève yo ku wa 28 Mukakaro 1951 yerekeye amategeko agenga impunzi nk'uko ari mw'lkete inomero 049/1403 ryo ku wa 19 Mukakaro 1963 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/209 ryo ku wa 31 Gitugutu 1975 ryeméza " Amasezerano y'Ishirahamwe ry'Ubumwe bwa Afrika yo ku wa 10 Nyakanga 1969 agenga ibijanye n'ibibazo vy'impenzi muri Afrika ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/013 ryo ku wa 18 Mukakaro 2000 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga ubwenegihugu ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 30 Ruheshi 2007 ryemeza ko Repuburika y'Uburundi yiyemeje kwubahiriza Amasezerano agenga Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buscruko, yashizweko umukono i Kampala muri Uganda, ku wa 18 Ruheshi 2007 ;

86 87

88 89

Vu la Loi n°1/10 du 30 avril 2010 portant Ratification par la République du Burundi du Protocole portant Création du Marché Commun de la Communauté Est Africaine et ses six Annexes déjà négociés, signé à Arusha en République Unie de Tanzanie, le 20 novembre 2009 ;

Vu la Loi n°1/27 du 29 décembre 2017 portant Révision du Code Pénal ;

Vu la Loi n°1/09 du 11 mai 2018 portant Modification du Code de Procédure Pénale ;

Vu la Loi n°1/012 du 30 mai 2018 portant Code de l'Offre des Soins et Services de Santé au Burundi ;

Vu le Décret-loi n°1/45 du 7 août 1969 portant Adhésion du Burundi au Protocole du 31 janvier 1967 relatif au statut des Réfugiés ;

Vu le Décret-loi n°1/187 du 22 décembre 1976 portant Ratification de la Convention portant Création de la CEPGL signée à Gisenyi, le 20 septembre 1976 entre le Burundi, le Rwanda et le Zaïre ;

Vu le Décret-loi n°1/024 du 28 avril 1993 portant Réforme du Code des Personnes et de la Famille ;

Revu la Loi n°1/32 du 13 novembre 2008 sur l'Asile et la Protection des Réfugiés au Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/10 ryo ku wa 30 Ndamukiza 2010 ryemeza ko Repuburika y'Uburundi yemeje kwubahiriza Amasezerano ashinga Isoko rusangi ry'Ishirahamwe ry'ibihugu ya Afrika yo mu Buseruko n'Imperekeza zitandatu zayo zamaze kwumvikanwako, yashizweko umukono i Arusha muri Repuburika yunze ubumwe ya Tanzaniya, ku wa 20 Munyonyo 2009 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama 2017 risubiramwo Igitabu c'amategeko mpanavyaha ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 11 Rusama 2018 rihindura Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivaha zitohozwa, ziburanishwa, zicibwa n'ingene zishirwa mu ngiro ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/012 ryo ku wa 30 Rusama 2018 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ubuvuzi n'ibikorwa vyerekeye amagara y'abantu mu Burundi ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/45 ryo ku wa 7 Myandagaro 1969 ryemeza ko Uburundi bwiyemeje kwubahiriza Amasezerano yo ku wa 31 Nzero 1967 yerekeye amatègeko agenga impunzi ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/187 ryo ku wa 22 Kigarama 1976 ryemeza Amasezerano ashinga Ishirahamwe CEPGL yashiriweko umukono i Gisenyi ku wa 20 Nyakanga 1976 hagati y'Uburundi, Urwanda na Zaïre ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/024 ryo ku wa 28 Ndamukiza 1993 rihindura Igitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu ;

Asubiye kwihiweza Ibwirizwa inomero 1/32 ryo ku wa 13 Munyonyo 2008 ryerekeye ugutanga ubuhungiro n'ugukingira impunzi mu Burundi ;

88

att

88 att

Revu le Décret-loi n°1/007 du 20 mars 1989 portant Réglementation de l'Accès, du Séjour, de l'Etablissement des Etrangers sur le Territoire du Burundi et de leur Eloignement ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ;

### PROMULGUE :

## CHAPITRE I : DE L'OBJET, DU CHAMP D'APPLICATION ET DES DEFINITIONS

#### Article 1 :

La présente loi a pour objet de réglementer l'immigration et l'émigration au Burundi.

#### Article 2 :

La présente loi s'applique aux burundais et aux étrangers, y compris les demandeurs d'asile, les réfugiés et les apatrides.

Elle s'applique également aux ressortissants des communautés ayant des conventions particulières sur l'immigration et l'émigration au Burundi, sauf dérogations résultant des conventions internationales ou des lois particulières.

#### Article 3 :

La Police Nationale du Burundi, à travers le Commissariat Général des Migrations, assure la gestion de l'immigration et de l'émigration.

Asubiye kwihiweza itegeko bwirizwa inomero 1/007 ryo ku wa 20 Ntwarante 1989 rishinga amategeko yerekeye ingene abanyamahanga binjira mu Burundi, ingene bahacumbika, ingene bahaba n'ingene bigizwa kure yimbibe z'igihugu baje bavamwo ;

Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;

Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

### ATANGAJE :

## IGICE CA MBERE : INTUMBERO YIRI BWIRIZWA, ICO RYEREKEYE N'INSIGURO YAMAJAMBO

#### Iningo ya mbere :

Iri bwirizwa rifise intumbero yugushinga amategeko agenga abanyamahanga baza kuba mu Burundi n'abarundi baja kuba mu mahanga.

#### Iningo ya 2 :

Iri bwirizwa rikurikizwa ku Barundi no ku banyamahanga, harimwo n'abasaba ubuhungiro mu Burundi, impunzi hamwe n'abatagira ubwenegihugu buzwi.

Iri bwirizwa rirakurikizwa kandi no ku baturuka mu mashirahamwe yibihugu vyagiraniye n'Uburundi amasezerano yerekeye abanyamahanga baza kuba mu Burundi n'abarundi baja kuba mu mahanga, kiretsse ivyirengagizwa bivuye ku masezerano mpuzamakungu canke ku yandi mabwirizwa avyerekeye.

#### Iningo ya 3 :

Igiporisi c'Uburundi, kibicishije muri Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye abinjira mu gihugu n'abasohoka, ni co gitunganya ivyerekeye abanyamahanga baza kuba mu Burundi n'abarundi baja kuba mu mahanga.

**Article 4 :**

Àu sens de la présente loi, on entend par :

agent des migrations, tout personnel affecté au Commissariat Général des Migrations ou à la représentation diplomatique ou consulaire du Burundi, chargé de la mise en application des dispositions de la présente loi ;

apatride, toute personne qui n'a pas de nationalité légale et qu'aucun Etat ne reconnaît comme son ressortissant par application de sa législation ;

asile, la protection accordée par un pays à une personne de nationalité étrangère ou sans nationalité conformément aux Conventions de Genève du 28 juillet 1951 et de l'OUA du 10 septembre 1969 ;

autorisation spéciale de circulation CEPGL, le document de voyage délivré par les services des migrations des pays membres de la Communauté Economique des Pays des Grands Lacs ;

carte de réfugié, la carte d'identité délivrée à un réfugié résidant au Burundi ;

carte pour étranger, la carte d'identité délivrée à un étranger résidant au Burundi ;

centre de transit, un espace régi par un texte réglementaire où les demandeurs d'asile sont hébergés en attendant l'issue du processus d'acquisition du statut de réfugié ;

centre d'enregistrement, un espace régi par un texte réglementaire où sont enregistrées les données personnelles des demandeurs d'asile ;

**Ingingo ya 4 :**

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira afise insiguro :

umukozi akora mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ni umukozi wese akorera muri Komisariya Nkuru ijewje ivyerekeye abinjira mu gihugu n'abasohoka canke mu Buserukizi bw'igihugu canke mu Biro bihagararira inyungu z'Uburundi mu kindi gihugu, ashinzwe ishiwa mu ngiro ry'ingingo z'iri bwirizwa ;

uwutagira ubwenegihugu ni umuntu adafise ubwenegihugu buzwi n'amategeko kandi ata gihugu na kimwe kimwemera nk'uwugiturukamwo hisunzwe amategeko agenga ico gihugu ;

ubuhungiro ni ahantu igihugu gishira umunyamahanga canke uwudafise ubwenegihugu kugira kimkingire hisunzwe Amasezerano y'i Genève yo ku wa 28 Mukakaro 1951 hamwe n'Amasezerano y'Ishirahamwe ry'Ubumwe bw'Afrika yo ku wa 10 Nyakanga 1969 ;

uruhusha rudasanzwe rw'ukugira uruja n'uruza mu bihugu bigize Umuryango CEPGL ni urupapuro rw'inzira rutangwa n'ibisata bijejwe ukwinjira n'ugusohoka ibihugu bigize Ishirahamwe ry'ubutunzi mu karere k'ibiyaga binini ;

Ikara y'impuzi ni ikarata ndangamuntu ihabwa impunzi iba mu Burundi ;

Ikara y'umunyamahanga ni ikarata ndangamuntu ihabwa umunyamahanga aba mu Burundi ;

Ikigo cakirirwamwo impuzi ivy'imfatakibanza ni ikibanza cemewe n'amategeko abasaba ubuhungiro bakirirwamwo mu kurindira ko baronka uburenganzira bw'ukwitwa impuzi ;

ikigo candikirwamwo impuzi ni ikibanza cemewe n'amategeko candikirwamwo ibiranga umuntu wese asaba ubuhungiro ;

96

61

61

81

**émigration**, l'action de quitter son pays de résidence vers un autre pays de manière temporaire ou définitive ;

**étranger**, toute personne n'ayant ni la nationalité burundaise, ni la qualité de citoyen d'un Etat membre de la Communauté Est Africaine ;

**expulsion**, une décision par laquelle le Burundi ordonne à une personne étrangère ou à un ressortissant d'une communauté ayant des conventions particulières sur les migrations, de quitter son territoire dans un délai déterminé ;

**famille**, la communauté de personnes comprenant l'homme et la femme légalement mariés, y compris leurs enfants âgés de moins de 18 ans, qu'ils soient légitimes, naturels reconnus ou adoptifs ;

**frontière**, la délimitation du territoire du Burundi avec ses pays limitrophes ;

**immigration**, l'action d'entrer de manière temporaire ou définitive dans un pays dont on n'a pas la nationalité ;

**interception provisoire**, la rétention d'une personne pendant un temps limité afin de permettre à l'agent des migrations d'enquêter sur l'entrée ou le séjour de cette personne au pays ;

**laissez-passer**, un document de voyage qui tient lieu de passeport, délivré au Burundi pour permettre à un voyageur de se rendre dans les pays de la Communauté Est Africaine et dans les pays membres de la Communauté Economique des Pays des Grands Lacs conformément à des Accords signés ;

Ukuja kuba mu mahanga ni ukuba mu gihugu ubamwo ukaja kuba mu kindi gihugu mu Kiringo gito canke ukaja kubayo burundu ;

umunyamahanga ni umuntu adafise ubwenegihugu bw'Uburundi canke ubw'igihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko ;

ukwirukana umunyamahanga mu gihugu ni ingingo ifatwa n'Uburundi itegeka umunyamahanga canke uwuva mu gihugu kimwe mu bigize Umuryango w'ibihugu vyemeje amasezerano yihariye yerekeye abanyamahanga baza kuba mu Burundi n'abarundi baja kuba mu mahanga, kuva ku gataka k'Uburundi mu kiringo kizwi ;

Umuryango ni umugwi w'abantu ugizwe n'umugabo n'umugore bubakanye biciye mu mategeko, harimwo n'abana babo batarakwiza imyaka 18, baba ababavutseko, abavyawewe hanze n'umwe mu bubakanye bemerwa n'uwabavyaye canke abarerano ;

Imbibe ni aho agataka k'Uburundi kagarukira ku bihugu bibanyi ;

Ukwinjira mu gihugu atari icawe ni ukwinjira vy'igihe gito canke burundu mu gihugu umuntu adafitiye ubwenegihugu ;

Uguhagarika umuntu ivy'imfatakibanza ni ugupfunga umuntu umwanya muto kugira umukozi ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ashobore kugira itohoza rijanye n'ingene uwo muntu yinjiye canke yacumbitse mu Burundi ;

Murekarengane ni urupapuro rw'inzira rusubirira igitabu c'inzira, rutangwa mu Burundi kugira ingenzi ishobore kuja mu gihugu kiri mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko no mu bihugu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vyo mu blyaga binini mu vyerekeye ubutunzi hisunzwe Amasezerano Uburundi bwashizeko umukono ;

88  
OM

88

mariage, l'union conjugale légalement reconnue par la loi burundaise ;

membres de famille, les conjoints, leurs enfants et les légalement dépendants ;

migration, tout mouvement de personnes quittant leur lieu de résidence habituelle à l'intérieur d'un même pays ou au-delà d'une frontière internationale ;

passeport, un document de voyage reconnu par les lois internationales ;

permis de séjour pour demandeur d'asile, l'autorisation de séjour temporaire accordée à un demandeur d'asile ou à un apatride ;

poste-frontière, un endroit désigné par un texte réglementaire par où une personne doit passer pour l'entrée ou la sortie du Burundi ;

poste-frontière à arrêt unique, un poste-frontière commun à deux pays limitrophes où les formalités d'entrée ou de sortie se font au même endroit conformément aux accords, aux conventions ou aux protocoles en rapport avec l'intégration régionale ;

reconduite à la frontière, une décision par laquelle le Burundi expulse de son territoire, un étranger ou un ressortissant d'une communauté ayant des conventions particulières sur les migrations, s'y trouvant en situation irrégulière ;

refoulement, une mesure qui consiste à interdire, à la frontière, l'entrée sur le territoire national à un étranger ou à un ressortissant d'une communauté ayant des conventions particulières sur ses migrations qui ne remplit pas les

ukwabirana ni ukwubakana hisunzwe n'amategeko y'Uburundi ;

abagize umuryango ni abubakanye, abana babo n'abo batunze vyemewe n'amategeko ;

ukwimuka ni uruja n'uruza rw'abantu baya mu bibanza basanzwe babamwo hagati mu gihugu canke bakajabuka imbibé z'igihugu ;

igitabu c'inzira ni urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira urugendo rwemewe n'amategeko mpuzamakungu ;

uruhusha rw'ugucumbika ruhabwa uwusaba ubuhungiro ni uruhusha rw'ugucumbika mu gihe gito ruhabwa uwusaba ubuhungiro canke uwutagira ubwenegihugu buzwi ;

ibiro vyo ku rubibe rw'ibihugu bijejwe uruja n'uruza ni ikibanza gishingwa n'itegeko umuntu yinjira canke asohoka Uburundi ategerezwa gucamwo ;

ibiro rusangi vyo ku rubibe ni ibiro vyo ku rubibe bisangiwe n'ibihugu bibiri bihanna urubibe aho ibisabwa mu kwinjira canke mu gusohoka igihugu bigirirwa mu kibanza kimwe hisunzwe amasezerano yagizwe hagati y'ivyobihugu canke ayajanye n'ukwiyunga kw'ibihugu vyo mu karere ;

uguherekeza umuntu yirukanywe mu gihugu gushika ku rubibe rw'igihugu ciwe ni ingingo Uburundi bufata y'ukwirukana ku gataka k'Uburundi, umunyamahanga canke uwuva mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyagiraniye amasezerano yerekeye uruja n'uruza, ahaba adafise inzandiko zisabwa ;

ugusubiza inyuma umuntu ashaka kwinjira mu gihugu ni ngingo ibuza, ku mbibe, ko umunyamahanga canke uwuva mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vyagiraniye amasezerano yerekeye uruja n'uruza rw'abava mu Burundi baja kuba mu

conditions exigées par la loi ;

réfugié, toute personne se trouvant dans l'une quelconque des situations prévues au point 17 au sens de la Convention de Genève du 28 juillet 1951 relative au Statut des Réfugiés, au Protocole du 31 janvier 1967 relatif au Statut des Réfugiés et dans la Convention de l'Organisation de l'Unité Africaine du 10 septembre 1969 régissant les Aspects Propres aux Problèmes des Réfugiés en Afrique ;

réfugié prima facie, une personne qui fuit son pays d'origine dans le cadre d'afflux massifs, présumée éligible au statut de réfugié au regard des informations objectives concernant les circonstances de sa fuite ;

résident, l'étranger détenant un visa de séjour au Burundi à titre temporaire ou permanent ;

résident permanent, l'étranger ou les membres de sa famille dont l'établissement sur le territoire national est utile au Burundi notamment par la création de l'emploi et/ou l'apport d'un investissement important ;

titre de voyage pour réfugié, un document de voyage accordé à une personne ayant eu le droit d'asile au Burundi ;

visa, la permission accordée à un étranger lui autorisant d'entrer, de transiter ou de séjourner au Burundi ;

zone neutre, un espace ou une zone internationale située entre les entités géographiques des pays limitrophes, réglementée par une convention internationale.

bindibihugu n'abava mu bindibihugu baza kuba mu Burundi, yinjira ku gataka k'Uburundi, adakwije ibisabwa n'amabwirizwa ;

impunzi ni umuntu wese akwije kimwe mu bitegekanijwe mu karongo ka 17 hisunzwe Amasezerano y'i Genève yo ku wa 28 Mukakaro 1951 yerekeye amategeko agenga impunzi, Amasezerano yo ku wa 31 Nzero 1967 yerekeye amategeko agenga impunzi n'Amasezerano y'ubumwe bwa Afrika yo ku wa 10 Nyakanga 1969 agenga ibijanye n'ibibazo vy'impunzi muri Afrika ;

impunzi ishitse mu kivunga ni umuntu ahunze igihugu yamukamwo mu kivunga c'abandi bahunze, ashobora kwemererwa kwitwa impunzi hafatjwe ku vyo yashikirije vy'ukuri vyatumye ahunga ;

umunyamahanga aba mu Burundi ni umunyamahanga afise uruhusha rw'ugucumbika mu Burundi mu gihe gito canke akaguma ahaba ;

umunyamahanga arekuriwe kuguma aba mu Burundi ni umunyamahanga canke abagize umuryango wiwe, ukuba mu Burundi kwabo bifitiye akamaro igihugu nko mu gutanga akazi no mu gushinga imigambi ikomeye mu gihugu ;

urupapuro rw'inzira rw'impunzi ni urwandiko rw'inzira ruhabwa umuntu yaronse ubuhungiro mu Burundi ;

uruuhusha rw'ukuza mu Burundi ni uruhusha ruhabwa umunyamahanga rumurekurira kwinjira mu Burundi, kuhaca arengana canke kuhacumbika ;

akarere ata gihugu kikitirirwa ni ikibanza canke akarere mpuzamakungu kari hagati y'ibihugu bihana imbibe, kagengwa n'amasezerano mpuzamakungu.

## CHAPITRE II : DES CONDITIONS D'ENTREE ET DE SORTIE

### Article 5 :

Les conditions d'entrée et de sortie des personnes au Burundi sont les suivantes :

1° passer par un poste-frontière et se faire enregistrer conformément à la loi ;

2° être porteur :

- d'un document de voyage requis en vertu d'un traité, d'une convention ou d'un accord régional ou international; d'une loi ou de tout autre texte réglementaire ;
- d'un passeport valide ou d'un document de voyage en tenant lieu, revêtu d'un visa ou d'une autorisation tenant lieu de visa valable au Burundi apposé par un représentant diplomatique ou consulaire burundais ou toute autre autorité légalement habilitée ;

3° être en possession d'un certificat de vaccination prescrit par les Conventions internationales ;

4° être en possession d'un billet aller-retour pour les voyageurs à bord d'aéronef ;

5° être muni, pour le cas du Burundais sortant du pays, d'un document de voyage valide ;

6° être muni d'un document de voyage valide ou toute autre preuve attestant la nationalité burundaise pour le Burundais qui entre au pays.

## IGICE CA II : IBISABWA MU KWINJIRA CANKE MU GUSOHOKA IGIHUGU

### Ingingo ya 5 :

Ibisabwa kugira umuntu yinjire canke ave mu Burundi ni ibi bikurikira :

1° guca ku biro vyo ku mbibe z'ighugu bijejwe uruja n'uruza no kwiyandikisha hisunzwe amategeko ;

2° kuba afise :

- urwandiko rw'inzira rusabwa hisunzwe amasezerano yagizwe ku rwego rw'akarere canke mpuzamakungu, rwemewe n'ibwirizwa canke ayandi mategeko ;

- igitabu c'inzira kitarata iyihe canke urwandiko rw'inzira rufatwa nka co, ruriko jkiododo cemeza ko umuntu arekuriwe kwinjira mu gihugu canke uruhusha rufatwa nka co rukoreshwa mu Burundi ruba rwashizweko umukono n'umukozi wo mu buserukizi bw'Uburundi mu kindi gihugu canke mu buserukizi buhagarariye inyungu z'Uburundi mu kindi gihugu canke uwundi mutegetsi wese abifitiye ububasha hisunzwe amategeko ;

3° Kuba afise urupapuro rwemeza ko yacandazwe rutegekanijwe n'Amasezerano mpuzamakungu ;

4° Kuba afise itike y'ukuza n'ugusubira inyuma ku biyunguruza n'indege ;

5° Ku barundi basohoka baja mu bindibihugu, kuba afise urwandiko rw'inzira rutarata iyihe canke urundi rwandiko rwose rwemeza ubwenegihugu bw'umurundi.

6° Ku murundi yinjira mu gihugu, kuba afise urwandiko rw'inzira rutarata iyihe canke urundi rwandiko rwose rwemeza ubwenegihugu bw'umurundi.

8

et

DA

8

**Article 6 :**

Les conditions d'obtention du visa d'entrée, sa durée et sa validité sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

**Article 7 :**

Sont exemptés du visa d'entrée, mais tenus de présenter une pièce officielle d'identité :

- 1° les membres d'équipage des navires et des aéronefs effectuant des déplacements de service sous le couvert de documents prévus par des Conventions ;
- 2° les personnes ou les membres de leurs familles justifiant de la qualité de résident permanent ;
- 3° les citoyens des pays membres de la Communauté Est Africaine ;
- 4° les ressortissants des pays ou des Communautés, des Etats avec lesquels le Burundi a signé des Accords d'exemption de visa.

**Article 8 :**

Les conditions d'entrée ou de sortie d'une dépouille mortelle sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

**Article 9 :**

Lorsque les circonstances liées notamment à la politique, à la sécurité publique ou à la santé publique l'exigent, le Burundi peut prendre des dispositions limitant la libre circulation des personnes.

**Ingingo ya 6 :**

Ibisabwa kugira umuntu aronke uruhusha rumwemerera kwinjira mu gihugu, ikiringo rumara rutarata - iyihe bilomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Ingingo ya 7 :**

Abadasabwa kwerekana uruhusha rw'ukwinjira mu gihugu, ariko bagategerezwa kwerekana inzandiko zibaranga zemewe n'amategeko ni aba :

- 1° Abakozi bo ku bwato n'abo mu ndege bagira ingendo z'akazi bafise n'impapuro zibaranga zitegekanijwe n'Amasezerano ;
- 2° Abantu canke abagize imiryango yabo baba bafise uburenganzira bw'ukuguma baba mu gihugu ;
- 3° Abaturuka mubihugu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko ;
- 4° Abaturuka mu bilihugu canke mu mashirahamwe y'ibihugu vyagiraniye amasezerano n'Uburundi y'ukudasabwa kwerekana uruhusha rw'ukwemerera kwinjira mu gihugu.

**Ingingo ya 8 :**

Ibisabwa kugira umuntu yinjize mu gihugu canke asohore ikiziga bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Ingingo ya 9 :**

Mu gihe hari imvo zижане cane cane na poritike, umutekano w'abanyagihugu canke izijanye n'amagara y'abantu zibitumye, Uburundi burashobora gufata ingingo z'ukugabanya uruza n'uruza rw'abantu binjira n'abasohoka.

8

8

8

8

Dans ce cas, le Burundi via le Ministère des Affaires Etrangères en informe sans délais tous les Etats et les Communautés ayant avec lui des conventions particulières sur les migrations.

### CHAPITRE III : DES DOCUMENTS DE VOYAGE ET LEUR UTILISATION

#### Article 10 :

Les documents de voyage burundais sont :

- 1° la carte nationale d'identité ;
- 2° le passeport ;
- 3° le laissez-passer ;
- 4° l'autorisation spéciale de circulation CEPGL ;
- 5° le sauf-conduit ;
- 6° le titre de voyage pour réfugié ;
- 7° le laissez-passer transfrontalier.

Muri ico gihe Uburundi biciye mu Bushikiranganji bujewe imigenderanire n'ibindibihugu burabimenesha bidatevye ibindibihugu n'amashirahamwe y'ibihugu bifitaniye amasezerano yerekeye abinjira n'abasohoka igihugu.

### IGICE CA III : INZANDIKO Z'INZIRA N'INGENE ZIKORESHWA

#### Ingingo ya 10 :

Inzandiko z'inzira zitangwa mu Burundi ni izi zikurikira :

- 1° Ikarata karangamuntu ;
- 2° Igitabu c'inzira ;
- 3° Urupapuro murekarengane ;
- 4° Unuhusha rudasanzwe rwo gutembera mw'Ishirahamwe ry'Ubutunzi ry'ibihugu vy'ibiyaga binini ;
- 5° Urwandiko rutanga uburenganzira bw'ugutembera mu gihugu ;
- 6° Urupapuro rw'inzira ruhabwa impunzi ;
- 7° Urupapuro murekarengane ruhabwa uwugira uruja n'uruza ku rubibe.

#### Ingingo ya 11 :

Ikarata karangamuntu ikozwe mu buryo bwa nimerike ituma nyeneyo atembera mu mwidegemvyo mu bihugu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko hisunzwe Amasezerano arishiraho.

#### Ingingo ya 12 :

Ibitabu vy'inzira bitangwa mu Burundi biri mu migwi itatu :

- 1° Igitabu c'inzira gisanzwe gihabwa umwenegihugu w'Umurundi wese akwije ibisabwa bitegekanijwe ;

#### Article 12 :

Les passeports burundais sont de trois catégories :

- 1° le passeport ordinaire délivré à tout citoyen burundais satisfaisant aux conditions requises ;

8

8

8

8

- 2° le passeport de service délivré à des citoyens burundais partant en voyage à l'étranger pour une mission officielle. Il peut aussi être délivré à un étranger qui effectue une mission officielle pour le compte du Burundi ;
- 3° le passeport diplomatique délivré à des dignitaires, à des diplomates et à d'autres personnalités du Burundi précisés par un décret.

#### Article 13 :

Le laissez-passer est délivré à un citoyen burundais qui veut se rendre dans les pays membres de la Communauté Est Africaine ou de la Communauté Economique des Pays des Grands Lacs.

Les missions diplomatiques et consulaires délivrent le laissez-passer tenant lieu de passeport qui permet au citoyen burundais qui n'est pas en possession des documents de voyage de rentrer au pays.

#### Article 14 :

L'autorisation spéciale de circulation CEPGL est délivrée à des citoyens burundais, à des ressortissants de ladite Communauté et aux étrangers établis au Burundi.

#### Article 15 :

Le sauf-conduit est un document de voyage à usage unique délivré à un étranger ou à un citoyen de la Communauté de l'Afrique de l'Est dont le document de voyage est perdu ou dont la durée de validité expire pendant qu'il se trouve sur le territoire burundais.

Il est également délivré à un étranger ou à un citoyen de la Communauté de l'Afrique de l'Est qui se trouve dans l'impossibilité d'avoir un document de voyage de son pays d'origine.

2° Igitabu c'inzira c'akazi gihabwa abenegihugu b'abarundi bagiye mu mahanga mu rugendo rw'akazi. Ico gitabu c'inzira gishobora guhabwa umunyamahanga agiye mu rugendo rw'akazi ku nyungu z'Uburundi ;

3° Igitabu c'inzira c'icubahiro gihabwa abanyacubahiro, abaserukira Uburundi mu makungu n'abandi bantu bo mu Burundi batomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

#### Ingingo ya 13 :

Urupapuro murekarengane ruhabwa Umwenegihugu w'umurundi ashaka kuja mubihugu bihurikiye mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko canke Ishirahamwe ry'ubutunzi ry'ibihugu vy'ibiyaga binini.

Ibiro vy'abaserukira Uburundi mu makungu n'ibiro vy'abahagarariye inyungu z'Uburundi mu makungu biratanga urupapuro murekarengane rufatwa nk'igitabu c'inzira rutuma umurundi adafise inzandiko z'inzira ataha mu gihugu.

#### Ingingo ya 14 :

Urwandiko rudasanzwe rutanga uruhusha rw'ugutembera mu bihugu vyo mw'Ishirahamwe ry'Ubutunzi ry'ibihugu vy'ibiyaga Binini ruhabwa abenegihugu b'abarundi, abaturuka muri iyyo bihugu bihurikiye muri iryo shirahamwe hamwe n'abanyamahanga baba mu Burundi.

#### Ingingo ya 15 :

Urwandiko rutanga uburenganzira bw'ugutembera mu gihugu ni urwandiko rw'inzira rukoreshwa mu kiringo kimwe gusa ruhabwa umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko aba yatakaje urwandiko rw'inzira canke ruba rwataye igihe akirj ku gataka k'Uburundi,

Urwo rwandiko rurahabwa kandi umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko adashobora kuronka urwandiko rw'inzira two mu gihugu aturukamwo.

**Article 16 :**

Le titre de voyage pour réfugié est délivré par le Commissariat Général des Migrations, en collaboration avec le Haut-Commissariat des Nations Unies pour les Réfugiés, à des réfugiés résidant au Burundi remplissant les conditions d'asile requises.

**Article 17 :**

Le laissez-passer transfrontalier est un document qui est délivré à un citoyen burundais désirant se rendre dans une commune frontalière d'un pays limitrophe, en conformité avec les Accords d'intégration régionale.

**Article 18 :**

La carte de réfugié ou d'apatride est accordée au requérant et le modèle est déterminé par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

Si le réfugié ou l'apatride désire se rendre à l'étranger, il peut obtenir, sur sa demande, un titre de voyage approprié, avec clause de retour, lui permettant de se déplacer en dehors du Burundi.

**Article 19 :**

Les dimensions, le contenu, la nature, la couleur et le format d'un document de voyage sont définis par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

**Article 20 :**

Le document de voyage reste la propriété de l'Etat.

**Article 21 :**

Les conditions d'obtention, de refus et de retrait des documents de voyage burundais sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

**Ingingo ya 16 :**

Urupapuro rw'inzira rw'impunzi rutangwa na Komisariya nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ifadikanje n'Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho impunzi, ku impunzi ziba mu Burundi zikwije ibisabwa mu kuronwa ubuhungiro.

**Ingingo ya 17 :**

Urupapuro murekarengane ruhabwa uwugira uruja n'uruza ku rubibe ni urwandiko ruhabwa umurundi yifuza kuja mw'ikomine y'igihugu gihana urubibe n'Uburundi hisunzwe Amasezerano yerekeye ukwinjira kw'Uburundi mu mashirahamwe y'akarere Uburundi buherereyemwo.

**Ingingo ya 18 :**

Ikarata y'impunzi canke y'uutagira ubwenegihugu ihabwa uwuyisavye, ingene iba imeze bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

Iyo impunzi canke uwutagira ubwenegihugu yipfuza kuja mu mahanga, arashobora kuronka, avyisabiye, urupapuro rw'inzira rukwiriye, hariko n'ingingo yuko alegerezwa kugaruka, rumurekurira gutembera hanze y'Uburundi.

**Ingingo ya 19 :**

Uko uwandiko rw'inzira rungana, ibiriko, uko ruba rumeze, ibara hamwe n'uko rukozwe bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka mu gihugu.

**Ingingo ya 20 :**

Urwandiko rw'inzira ruguma ari uw'igihugu.

**Ingingo ya 21 :**

Ivyisungwa mu kuronwa inzandiko z'inzira zilangwa n'Uburundi, mu kutazitanga hamwe no mu kuzaka abazihawe bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Article 22 :**

La personne qui se voit refuser un document de voyage peut exercer un recours auprès de l'autorité hiérarchique directe et, le cas échéant, auprès de la Cour administrative.

**Article 23 :**

Les coûts des documents de voyage, des visas et les amendes de non renouvellement des visas sont fixés par une ordonnance ministerielle conjointe des Ministres ayant les Migrations et les Finances dans leurs attributions.

#### **CHAPITRE IV: DE LA COMMISSION CONSULTATIVE POUR ÉTRANGERS ET REFUGIES AINSI QUE DU COMITÉ DE RECOURS**

**Article 24 :**

Il est institué une Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés et un Comité de Recours respectivement CCER et CR en sigle, dont l'organisation, les missions, la composition et le fonctionnement sont déterminés par décret.

**Article 25 :**

La Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés est requise pour statuer sur :

1° l'octroi ou la déchéance de la qualité de résident permanent, de réfugié ou d'apatride ;

2° le non-renouvellement du visa d'établissement et les cas d'expulsion ;

3° la recevabilité des demandes d'asile.

**Ingingo ya 22 :**

Umuntu ataronkejwe urwandiko rw'inzira arashobora kwitura umutegetsi atwara uwanse kurumuha, bibaye ngombwa akitura Sentare jca imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo.

**Ingingo ya 23 :**

Amafaranga arihwa ku nzandiko z'inzira, ku mpusha z'ukwinjira mu Burundi n'ay'ihadabu ritozwa ku mpusha zitasabiwe ikindi kiringo bishingwa n'itegeko nshikiranganji risinywe n'abashikiranganji babiri, uwujejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu hamwe n'uwujejwe lkigega ca Reta.

#### **IGICE CA IV: IVYEREKEYE UMUGWI MPANUZWAJAMBO UJEJWE GUTUNGANIRIZA ABANYAMAHANGA N'IMPUNZI HAMWE NA KOMITE YIYUNGURURIZO**

**Ingingo ya 24 :**

Harashinzwe Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'Impunzi na Komite yiyungururizo, CCER na CR mu mpfunyapfunyo y'igifaransa, ingene bitunganijwe, imrimo bishinzwe, abazigize n'ingene bikora bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'lglhugu.

**Ingingo ya 25 :**

Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi usabwa gufata ingingo kuri ibi bikurikira :

1° Ugutanga uburenganzira bw'ukuguma umuntu aba mu Burundi, ubw'ukwitwa impunzi canke uwutagira ubwenegihugu buzwi na bumwe canke ku bijanye n'ugutakaza ubwo burenganzira ;

2° Ukudatanga urundi ruhusha two kuba mu Burundi no ku bijanye no kwirukanwa mu gihugu ;

3° Ukwakira idosiye z'ugusaba ubuhungiro.

**Article 26 :**

Le Comité de Recours est compétent pour statuer sur une décision de la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés dans les matières citées à l'article 25 de la présente loi en cas de violation de droit, notamment pour abus ou excès dans l'exercice du pouvoir d'appréciation ou en cas d'établissement inexact ou incomplet des faits.

**Ingingo ya 26 :**

Komite yiungururizo irafise ububasha bwo gufata ingingo zorohereza abanyamahanga n'impuzi iyuguruza ingingo iba yafashwe n'Umuwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamabanga n'impuzi nko mu bivugwa mu ngingo ya 25 mu gihe hatubahirijwe uburenganzira bw'umunyamahanga nko mu gihe hitwajwe ububasha canke harengejwe urugero mu gukoresha ububasha bw'ukwiweza ivyabaye bitari vyo canke bikaba bidakwiye.

**Ingingo ya 27 :**

Umuwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impuzi, ufadikanije n'ibisata vyo mu bushikiranganji bivyerekeye, urashira mu ngiro ibitegekanijwe muri iri bwirizwa n'Amasezerano canke imyumvikano mpuzamakungu yerekeye ugukingira impunzi ziri mu Burundi.

**Ingingo ya 28 :**

Umuwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impuzi na Komite yiungururizo birarangura imrimo bijejwe bifadikanije n'lkigo c'igihugu kijewe gukingira impunzi n'abadafise ubwenegihugu buzwi, mu mpfunyapfunyo y'igifaransa ONPRA, hamwe na Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

## CHAPITRE V: DU SEJOUR, DE L'ETABLISSEMENT ET DU VISA

## IGICE CA V : IVYEREKEYE UKUBA MU BURUNDI N'URUHUSA RW'UKWINJIRA MU BURUNDI

**Article 29 :**

Sont de plein droit autorisés à séjourner au Burundi :

- 1° les citoyens de la Communauté Est Africaine ayant des documents en ordre avec les lois nationales ;
- 2° l'étranger séjournant au Burundi dans le cadre d'un traité ou d'une convention internationale ;

**Ingingo ya 29 :**

Abarekuriwe kuba mu Burundi ni aba bakurikira :

- 1° Abaturuka mubihugu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko bafise jnzandiko zemewe n'amategeko y'ibihugu vyabo ;
- 2° Umunyamahanga aba mu Burundi hisunzwe amasezerano mpuzamakungu ;

3° le conjoint et les légalement dépendants d'un étranger autorisé à séjourner au Burundi.

#### Article 30 :

L'étranger qui désire s'établir au Burundi doit remplir les conditions suivantes :

- 1° avoir un extrait du casier judiciaire de son pays d'origine ou de résidence ou une pièce officielle en tenant lieu ;
- 2° produire un document émanant de l'autorité compétente agréant l'activité à laquelle il compte se livrer ;
- 3° procéder à la déclaration de ses ressources financières et de tout autre moyen dont il dispose ainsi que la désignation du lieu où il compte s'établir ;
- 4° produire un certificat médical établi depuis moins de trois mois par un médecin agréé, attestant qu'il est indemne de toute maladie contagieuse ou transmissible ou de tout signe décelable de maladie mentale ;
- 5° déposer une caution dans une institution bancaire locale agréée ou constituer une garantie de manière à permettre le recouvrement des frais de son rapatriement ou d'autres frais susceptibles d'être engagés à son bénéfice.

#### Article 31 :

La condition prévue à l'article 30, point 5 ne concerne pas les citoyens de la Communauté Est Africaine et les ressortissants de la Communauté Economique des Pays des Grands Lacs.

Le montant de la caution, les modalités de sa consignation ou de la constitution de la garantie sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

3° Uwubakanye n'umunyamahanga afise uruhusha rwo kuba mu Burundi n'abo abeshejeho hisunzwé amategeko.

#### Ingingo ya 30 :

Umunyamahanga yifuza kuba mu Burundi ategerezwa gukwiza ibisabwa bikurikira :

- 1° Kuba afise iyimuriro y'ifishi y'ivaha yerekana ko umuntu yahaniwe icaha canke ataragihaniwa y'igihugu yaje avamwo canke abamwo canke urwandiko rwemewe n'amategeko ruyisubirira ;
- 2° Kwerekana urwandiko rwatanzwe n'umutegetsi abifitiye ububasha rwemerera umunyamahanga gukora akazi yifuza ;
- 3° Kuvuga aho akura amafaranga n'ubundi buryo bwose afise hamwe n'ukuvuga aho yipfuza kuba ;
- 4° Kwerekana urupapuro rwatanzwe n'umuganga yemewe, rutarakwiza amezi atatu aharurwa kuva rutanzwe, yerekana ko ata ndwara yandukira afise canke ikindi kimenyelso cose cerekana ko afise indwara yo mu mutwe ;
- 5° Gutanga ingwali mwibanki yemerewe gukora iri mu gihugu canke kugwaltiriza ikintu ku buryo hashobora kwishurwa amafaranga yakoreshejwe mu kumutahukana canke ayandi mafaranga ashobora gukoreshwa ku nyungu ziwe.

#### Ingingo ya 31 :

Igisabwa gitegekanjwe mu ngingo ya 30, akarongo ka 5 nticerekeye abaturuka mu muryango wibihugu bigize Afrika y'Ubuseruko n'abo mu bihugu bigize Ishirahamiwe ryerekeye ubutunzi mu karere k'ibiyaga binini.

Igitigiri c'amafaranga y'ingwati, ibikurikizwa mu gutanga ingwati canke mu kugwaltiriza ikintu bishingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajcjwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

8

OM

OM

8

**Article 32 :**

L'octroi de la qualité de résident permanent aux étrangers, du statut de réfugié ou d'apatriote est du ressort de la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés.

**Ingingo ya 32 :**

Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi ni wo ujejwe gutanga uburenganzira bw'uko umunyamahanga aguma aba mu Burundi, ubw'ukwitwa impunzi canke uwutagira ubwenegihugu buzwi.

**Article 33 :**

L'étranger qui a demandé et obtenu un visa d'entrée est autorisé à séjourner au Burundi.

**Ingingo ya 33 :**

Umunyamahanga yasavye uruhusha rwo kwinjira mu Burundi kandi akaruronka ararekuriwe kuba mu Burundi.

**Article 34 :**

Les citoyens de la Communauté Est Africaine bénéficient gratuitement d'une autorisation spéciale de transit sur le territoire burundais et sont exemptés de certains visas conformément au Protocole sur le Marché commun de la Communauté Est Africaine.

**Ingingo ya 34 :**

Abava mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko bararonwa ataco barishe uruhusha rudasanzwe rwo kuruhukira mu Burundi baja mu kindi gihugu kandi hari impusha zimwe zimwe batarinda gusabwa hisunzwe Amasezerano yerekeye Isoko rusangi ry'akarere ka Afrika y'Ubuseruko.

**Article 35 :**

Les étudiants citoyens de la Communauté Est Africaine ont droit à un séjour gratuit d'une année renouvelable jusqu'à la fin de leurs études.

**Ingingo ya 35 :**

Abanyeshure bava mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko barafise uburenganzira bwo kuba mu Burundi ataco barishe mu kiringo c'umwaka umwe kija kirisubiriza gushika barangije ivyigwa vyabo.

**Article 36 :**

L'octroi des visas aux ressortissants des pays et des communautés ayant des conventions particulières en matière des migrations avec le Burundi se réfère auxdites conventions.

**Ingingo ya 36 :**

Ugutanga impusha ku bava mubihugu no mu mashirahamwe y'ibihugu vyagiraniye amasezerano n'Uburundi yerekeye ukwinjira n'ugusohoka Igihugu vyisunga ayo masezerano.

**Article 37 :**

Un apatriote qui demande la nationalité burundaise doit se conformer à la législation y relative.

**Ingingo ya 37 :**

Uwutagira ubwenegihugu buzwi asavye ubwenegihugu mu Burundi, ategerezwa kwisunga ibwirizwa rivyerekeye.

## CHAPITRE VI : DU REFUS D'ACCES ET DU REFOULEMENT

### Article 38 :

L'accès au Burundi est refusé à l'étranger qui :

- 1° ne justifie pas de moyens de subsistance suffisants ;
- 2° a été expulsé du Burundi, pour autant que la mesure n'a pas encore été levée ;
- 3° est sous le coup de poursuites judiciaires à l'étranger ;
- 4° a été condamné à une peine privative de liberté excédant six mois pour l'une des infractions visées par les Conventions sur l'extradition ;
- 5° ne jouit pas pleinement de ses facultés mentales, sauf s'il entre pour consultation médicale, à condition qu'il soit accompagné d'un tuteur justifiant d'une couverture financière suffisante pour les soins médicaux, le séjour et le rapatriement ;
- 6° est atteint d'une maladie contagieuse ou transmissible, au regard des Conventions internationales, du règlement sanitaire international ou des instructions du ministère ayant la santé publique dans ses attributions ;
- 7° entend exercer une activité qui porte préjudice aux intérêts nationaux ;
- 8° constitue un danger pour l'ordre public ou la sécurité nationale ;
- 9° est membre d'une organisation criminelle ou d'un réseau terroriste international.

8

en

## IGICE CA VI : IVYEREKEYE UKUTEMERERA ABANYAMAHANGA KWINJIRA MU BURUNDI N'UKUBASUBIZA INYUMA

### Ingingo ya 38 :

Ukwijira mu Burundi ntibirekuriwe umunyamahanga :

- 1° Aterekanye ko afise uburyo bukwiye bw'ukwibeshaho ;
- 2° Yirukanywe mu Burundi igihé cose ingingo yo kumwirukana iba itarakurwaho ;
- 3° Ariko arakurikiranwa n'ubutungane bwo mu kindi gihugu ;
- 4° Yahanishijwe igihano c'ugupfungwa kirenza amezi afandatu ku caha kimwe mu bivugwa mu Masezerano yerekeye ugushikiriza umuntu yagirizwa icaha igihugu kimukurikirana ;
- 5° Adafise ubwenge bukwiye, kiretsé iyo aje kwivuza, mugabo agategerezwa kuba ari kumwe n'uwmuherekeje afise uburyo bukwiye bwo kumuvuza, n'ubwo kumutahukana ;
- 6° Afise indwara yandukira canke ihererekanya, hafatiwe ku Masezerano mpuzamakungu, Amategeko mpuzamakungu yerekeye amagara yabantu canke ingingo zafashwe n'Ubushikiranganji bujejwe amagara yabantu ;
- 7° Ashaka gukora igikorwa gishobora kubangamira inyungu z'igihugu ;
- 8° Yobangamira umutekano w'abanyagihugu canke umutekano w'igihugu ;
- 9° Ari mu bagize umugwi w'inkozi z'ikibi canke ari mu runani rw'abagira iterabwoba ku rwego mpuzamakungu.

en

8

**Article 39 :**

L'étranger qui ne remplit pas les conditions d'entrée sur le territoire burundais est immédiatement refoulé.

S'il est à bord d'un aéronef, d'un train, d'un navire ou de tout autre moyen de transport, la compagnie qui assure son transport est responsable de son rapatriement immédiat et de son entretien éventuel au Burundi.

**Article 40 :**

Le principe de non refoulement est appliqué à tout demandeur d'asile ou réfugié vers un pays où il craint sa persécution.

**CHAPITRE VII : DES CAS D'IRREGULARITES ET D'EXPULSION****Article 41 :**

Peut être déclaré indésirable et être expulsé du Burundi, l'étranger ou le citoyen de la Communauté Est Africaine qui se trouve notamment dans les cas d'irrégularités suivants :

- 1° l'atteinte à l'ordre public et à la sécurité nationale ;
- 2° l'appartenance à une organisation criminelle ou à un réseau terroriste international ;
- 3° l'entrée au Burundi, l'établissement ou la tentative d'établissement sans y avoir été autorisé ;
- 4° la détention d'un document de voyage dont la durée de validité a expiré sans possibilité de prorogation ou d'en obtenir un autre ;

**Ingingo ya 39 :**

Umunyamahanga adakwije ibisabwa kugira yinjire ku gataka k'Uburundi aca asubizwa inyuma ubwo nyene.

Iyo aje n'indege, igariyamoshi, ubwato canke ubundi buryo ubwo ari bwo bwose bw'ukwiyunguruza, ishirahamwe ryamwunguruje ni ryo rica rimusubiza inyuma ubwo nyene n'ukumufasha mu vyo ashobora gukenera vyose ari mu Burundi.

**Ingingo ya 40 :**

Ingingo y'ukudasubiza inyuma uwo wese asaba ubuhungiro canke impunzi irakurikiza mu gihe atinya ko yogirirwa nabi asubiye mu gihugu yaje avamwo.

**IGICE CA VII : IVYEREKEYE ABANYAMAHANGA BABA MU BURUNDI BATUBAHIRIJE IBISABWA N'AMATEGEKO HAMWE N'UKUBIRUKANA****Ingingo ya 41 :**

Uwushobora gufatwa ko atemerewe kuba mu Burundi kandi ategerezwa kwirukanwa ku gataka k'Uburundi ni umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko yagiriye nk'ibi bikurikira :

- 1° Uguhungabanya umutekano w'abanyagihugu hamwe n'uw'igihugu ;
- 2° Ukuba mu bagize umugwi w'inkozi z'ikibi canke mu runani rw'abagira iterabwoba ku rwego mpuzamakungu ;
- 3° Ukwijira mu Burundi, ukuhaba canke ukugerageza kuhaba atabiherewe uruhusha ;
- 4° Ugutunga urwandiko rw'inzira rwataye igihe bidashoboka kurwongerereza ikiringo canke kuronka urundi ;

- 5° la détention d'un document de voyage valide, mais avec visa déjà expiré ;
- 6° l'exercice des activités autres que celles pour lesquelles l'on a été autorisé ;
- 7° l'absence de ressources suffisantes pour se prendre en charge ;
- 8° la faillite prononcée par une décision judiciaire ;
- 9° les poursuites judiciaires ou la condamnation par des juridictions des pays étrangers pour des crimes reconnus par le Burundi sous réserve des Conventions internationales sur l'extradition ;
- 10° le non-respect des conditions prévues par la loi.

#### Article 42 :

Le demandeur d'asile, le réfugié ou l'apatride ne peut être expulsé de quelque manière que ce soit sur les frontières d'un territoire dans lequel sa vie ou sa liberté peut être menacée.

#### Article 43 :

La décision d'expulsion d'un étranger ou d'un citoyen de la Communauté Est Africaine est prise par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions après avis et considérations de la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés.

- 5° Ugutunga urwandiko rw'inzira rufarata igihe ariko uruhusha rw'ukuba mu Burundi rwarahereze ;
- 6° Ugukora ibindi bikorwa atari ivyo yaherewe uruhusha ;
- 7° Ukuba adafise uburyo bukwiye bw'ukwibeshaho ;
- 8° Uruhombo rwemejwe n'ingingo y'ubutungane ;
- 9° Ukuba ariko arakurikiranwa n'ubutungane canke yaciriwe igihano na sentare zo mu bindi bihugu ku vyaha bisanzwe bitegekanijwe n'amategeko y'Uburundi hatirengagijwe Amasezerano impuzamakungu yerekeye ugushikiriza umuntu yagirizwa icaha igihugu kimukurikirana ;
- 10° Ukutubahiriza ibisabwa bitegekanijwe n'amategeko.

#### Ingingo ya 42 :

Uwusaba ubuhungiro, Impunzi canke uwudafise ubwenegihugu buzwi ntashobora kwirukanwa mu buryo ubwo ari bwo bwose ari ku mbibe z'igihugu mu gihe ubuzima canke ubwigenge bwiwe bushobora kubangamirwa.

#### Ingingo ya 43 :

Ingingo y'ukwirukana umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko ifatwa biciye mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu, Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi umaze gushikiriza iviyumviro n'ivyipfuzo vyawo.

A dater du jour de la notification de l'ordonnance d'expulsion, la personne expulsée doit quitter le territoire du Burundi dans un délai ne dépassant pas quinze jours, sauf si des circonstances particulières le requièrent.

#### Article 44 :

Un étranger ou un citoyen de la Communauté Est Africaine frappé d'une décision d'expulsion peut faire recours devant la Cour administrative dans un délai ne dépassant pas cinq jours à dater de la notification.

Le recours introduit n'empêche pas l'exécution de l'ordonnance d'expulsion dans les délais indiqués à l'article 43.

Il n'est pas aussi suspensif dans les circonstances particulières notamment l'atteinte à l'ordre public ou à la sécurité publique.

#### Article 45 :

En cas d'extrême urgence ou lorsque les circonstances graves l'exigent, le Ministre ayant les migrations dans ses attributions, peut, par dérogation à l'article 43 alinéa 1<sup>er</sup>, ordonner une expulsion sans en référer à la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés.

### CHAPITRE VIII : DES COMPETENCES ET DES OBLIGATIONS

#### Article 46 :

L'agent des migrations affecté au Commissariat Général des Migrations ou à la représentation diplomatique et consulaire, chargé de la mise en application des dispositions de la présente loi dispose de la qualité d'Officier de Police Judiciaire à compétence restreinte.

Guhera umusi yamenyesherejweko ingingo yo kumwirukana, uwirkanywe ategerezwa kuva ku gataka k'Uburundi mu kiringo kitarena imisi icumi n'itanu ku munyamahanga aba mu Burundi, kiretse iyo hariho izindi mvo zobimutuma.

#### Ingingo ya 44 :

Umunyamahanga canke umwenegihugu wo mw'Ishirahamwe ry'umuryango w'lbihugu vy'a Afrika y'Ubuseruko yafatiwe ingingo y'ukwirukanwa arashobora kwitura Sentare ica imanza za Reta n'ibisata vyayo mu kiringo kitarena imisi itanu giharurwa kuva abimenyeshejwe.

Ukwungururiza ingingo yafashwe ntibuba ishirwa mu ngiro ry'ingingo y'ukwirukanwa umunyamahanga mu kiringo kivugwa mu ngingo ya 43 y'iri bwirizwa.

Ntibuba kandi ko lyo ngingo ishirwa mu ngiro mu bihe bimwe bimwe nk'ukwagirizwa uguhungabanya umutekano w'igihugu canke w'abanyagihugu.

#### Ingingo ya 45 :

Mu gihe vylutirwa cane canke mu gihe hari ibituma bikomeye, Umushikiranganji ajeje ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu, arashobora, yirengagije ibitegekanijwe mu ngingo ya 43 agahimba ka mbere, gutegeka ko umunyamahanga yirukanwa bitarinze guca mu Mugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impuzi.

### IGICE CA VIII : IVYEREKEYE UBUBASHA HAMWE N'IBITEGEREJWE

#### Ingingo ya 46 :

Umukozi wo mu gisata kijewe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu arungitswe gukorera muri Komisariya Nkuru ijewi ivyerekeye abinjira mu gihugu canke mu Biro vy'ubuserukizi bw'igihugu no mu Biro vy'ubuserukizi bw'inyungu z'igihugu, ashinzwe gushira mu ngiro ibitegekanijwe n'iri bwirizwa afise ububasha nk'ubw'inyamiramabi mu vyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

### Article 47 :

En application des lois nationales, des traités et des conventions internationales, le Commissariat Général des Migrations dispose notamment des compétences suivantes :

- 1° préparer, produire et délivrer les documents de voyage, les visas, les permis de séjour temporaire pour les demandeurs d'asile, les permis de séjour pour les apatrides, les cartes d'identité pour les réfugiés et pour les étrangers;
- 2° autoriser un étranger ou un citoyen de la Communauté Est Africaine qui le désire d'entrer, de séjourner ou de sortir du pays ;
- 3° vérifier si un étranger ou un citoyen de la Communauté Est Africaine qui adresse une demande d'asile est entré légalement au Burundi ;
- 4° autoriser une personne ayant acquis le statut de réfugié sur base des conventions internationales sur les réfugiés d'entrer et de résider au Burundi ;
- 5° collaborer avec l'ONPRA dans la gestion d'une base des données sur les demandeurs d'asile, les réfugiés et les apatrides ;
- 6° procéder à l'accueil et à l'enregistrement des demandeurs d'asile, des réfugiés et des apatrides ;
- 7° rechercher et suivre le mouvement des étrangers suspects ou en situation irrégulière ;

### Ingingo ya 47 :

Mw'ishirwa mu ngiro ry'amabwirizwa y'igihugu n'amasezerano mpuzamakungu, Komisariya Nkuru ijewje ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu lfise ububasha bukurikira :

- 1° Gutegura, gukora no gutanga inzandiko z'inzira, impusha zo kwinjira mu gihugu, impusha z'ugucumbika mu gihugu igihe gito ku basaba ubuhungiro, impusha z'ugucumbika mu gihugu ku batagira ubwenegihugu buzwi, ikarata ziranga impunzi n'iziranga abanyamahanga ;
- 2° Guha uruhusha umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'iblhugu vya Afrika yo mu Buseruko yipfuza kwinjira mu gihugu, kuhaba canke gusohoka igihugu ;
- 3° Gusuzuma ko umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'iblhugu vya Afrika yo mu Buseruko yasavye ubuhungiro aba yinjiye mu Burundi biciye mu mategeko ;
- 4° Guha umuntu yamaze kuronka uburenganzira bw'ukwitwa impunzi hafatije ku masezerano mpuzamakungu yerekeye impunzi, uruhusha rwo kwinjira no kuba mu Burundi ;
- 5° Gukorana n'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira impunzi n'abadafise ubwenegihugu buzwi ONPRA mw'ilunganywa ry'ivyatororokanijwe ku basaba ubuhungiro, impunzi no ku badafise ubwenegihugu buzwi ;
- 6° Kwakira no kwandika abasaba ubuhungiro, impunzi n'abadafise ubwenegihugu buzwi ;
- 7° Kurondera abanyamahanga bateye amakenga n'ababa mu gihugu badakwije ibisabwa n'amategeko no gukurikirana uruja n'uruza rwabo ;

- |   |  |
|---|--|
| <p>8° procéder à la rétention de sûreté d'une personne soupçonnée d'enfreindre la présente loi ;</p> <p>9° refouler un étranger ou un citoyen de la Communauté Est Africaine ne remplissant pas les conditions exigées pour entrer au Burundi ;</p> <p>10° exécuter les ordonnances d'expulsion ;</p> <p>11° analyser les dossiers des demandeurs de visas ;</p> <p>12° contrôler le mouvement transfrontalier ;</p> <p>13° intercepter et perquisitionner tout véhicule, embarcation, aéronef, train ou autre moyen de transport dans le but de s'assurer s'il ne s'y trouve une personne indésirable ou des objets interdits ;</p> <p>14° tenir un registre des étrangers se trouvant dans sa zone de compétence et informer la hiérarchie et l'administration locale en vue de constituer une base de données des étrangers.</p> | <p>8° Guhagarika umuntu akekwa ko yaciye kubiri n'iri bwirizwa mu ntumbero yo kubungabunga umutekano ;</p> <p>9° Gusubiza inyuma umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko mu gihe adakwije ibisabwa kugira yinjire mu Burundi ;</p> <p>10° Gushira mu ngiro ingingo ziba zafashwe z'ukwirukana abanyamahanga ;</p> <p>11° Kwiweza idosiye z'abasaba impusha zo kwinjira mu gihugu ;</p> <p>12° Gucungera uruja n'uruza rw'abantu n'ibantu kumbibe ;</p> <p>13° Guhagarika no gusaka umuduga wose ubwato, indege, igariyamoshi canke ikindi cose cunguruza mu ntumbero yo gusuzuma neza ko hatoba harimwo umuntu atemerewe kuza mu gihugu canke ibindi bintu bibuijwe kwinjira mu gihugu ;</p> <p>14° Kuja iruzuza igitabu candikwamwo abanyamahanga bari mu karere ifisemwo ububasha no kumenyesha ubutegetsi ikukira hamwe n'abajewje intwaro bo muri ako karere ibijanye n'abanyamahanga kugira bifashe mu gutororokanya ibiharuro biberekeye.</p> |
|---|--|

#### Article 48 :

L'agent des migrations affecté à la représentation diplomatique ou consulaire est chargé de traiter les dossiers des Burundais se trouvant à l'étranger conformément aux dispositions de la présente loi.

Il est également chargé de délivrer les visas aux étrangers autorisés d'entrer au Burundi et les laissez-passer tenant lieu de passeports aux Burundais n'ayant pas de documents de voyage pour diverses raisons.

#### Ingingo ya 48 :

Umukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu arungitswe gukorera mu Biro vy'ubuserukizi bw'igihugu no mu Biro vy'ubuserukizi bw'inyungu z'igihugu ajejwe kwiweza idosiye z'abarundi bari mu mahanga hisunzwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Aratanga vyongeye ku banyamahanga bavyemerewe impusha zo kwinjira mu Burundi n'impapuro murekarengane zifatwa nk'ibitabu vy'inzira ku barundi badafise inzandiko z'inzira ku mvo zitandukanye.

**Article 49 :**

L'employeur d'un travailleur étranger ou d'un citoyen de la Communauté Est Africaine a les obligations suivantes :

- 1° engager un étranger ou un citoyen de la Communauté Est Africaine dont le visa lui permet d'exercer un travail au Burundi ;
- 2° fournir, sur demande de l'agent des migrations compétent, les informations d'identification et les copies des contrats de travail d'un étranger qu'il emploie ou qu'il a employé ;
- 3° informer le Commissariat Général des Migrations des actes ou des manquements d'un étranger ou d'un citoyen de la Communauté Est Africaine commis en violation de la présente loi.

**Article 50 :**

Les responsables des établissements d'enseignement doivent veiller à ce que les étudiants étrangers, de la Communauté Est Africaine ou de la CEPGL se trouvant dans leurs établissements, remplissent les conditions requises par les dispositions légales pour leur séjour et leurs études au Burundi.

**Article 51 :**

Les responsables des établissements de logement notamment les hôtels et les maisons de passage, ont l'obligation d'enregistrer et de garder les informations sur un visiteur étranger résidant ou ayant résidé dans son établissement,

**Ingingo ya 49 :**

Umukoresha w'umukozi w'umunyamahanga canke w'uwturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu via Afrika yo mu Buseruko ategerejwe ibi bikurikira :

- 1° Guha akazi umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu via Afrika yo mu Buseruko afise uruhusha rumwemerera gukorera mu Burundi ;
- 2° Gutanga, bisabwe n'umukozi wo mu gisata kijewe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu abifitiye ububasha, inkuru zerekeye umwidondoro n'amakopi y'amasezerano y'akazi vy'umunyamahanga akoresha canke yakoresheje ;
- 3° Kumenyesha Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ibikorwa canke amakosa umunyamahanga canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu via Afrika yo mu Buseruko yakoze arenze ku bitegekanjwe n'iri bwirizwa.

**Ingingo ya 50 :**

Abajejwe amashure bategerezwa kwitwararika ko abanyeshure b'abanyamahanga canke abaturuka mu bihugu bigize Umuryango w'ibihugu via Afrika yo mu Buseruko canke abo mu bihugu bigize Umuryango w'ubutunzi mu karere k'ibiyaga binini bahiga bakwije ibisabwa n'amategeko kugira bashobore kuba bongere bige mu Burundi.

**Ingingo ya 51 :**

Abajejwe inyubakwa ziraza ingenzi nk'amahoteri n'inzu ingenzi zimaramwo igihe gito, bategerezwa kubandika no kubika inkuru zerekeye ingenzi iraye canke yigeze kurara muri ico kigo.

Les informations enregistrées portant sur l'identification du visiteur sont consignées sur une fiche transmise régulièrement aux agents des migrations.

**Article 52 :**

Tout étranger est tenu d'exhiber sa carte pour étranger ou son document de voyage contenant le visa de séjour chaque fois qu'il en est requis par une autorité habilitée.

Pour les citoyens de la Communauté Est Africaine, un document de voyage valide ou une carte nationale d'identité est requis.

**Article 53 :**

Toute compagnie de transport des personnes doit présenter à l'agent des migrations, avant la sortie ou l'entrée, le manifeste des passagers entrant ou sortant du territoire national.

## CHAPITRE IX : DU STATUT DES REFUGIES

**Article 54 :**

Toute demande d'admission au statut de réfugié émanant du demandeur ou du Haut-Commissariat des Nations Unies pour les Réfugiés, est introduite conformément aux dispositions reprises aux chapitres XI et XII de la présente loi.

**Article 55 :**

L'admission au statut de réfugié fait l'objet d'une ordonnance du Ministre ayant l'intérieur dans ses attributions sur avis de la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés.

**Article 56 :**

Quiconque a obtenu au Burundi le statut de réfugié est considéré, à l'égard de toutes les autorités, comme un réfugié au sens de la présente loi.

Inkuru zanditswe zerekeye umwidondoro w'ingenzi zirashinwa kw'ifishi ija irarungikirwa abakozi bo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Ingingo ya 52 :**

Umunyamahanga wese ategerezwa kwerekana ikarata yiwe yerekana ko ari umunyamahanga canke urwandiko rwiwe rw'inzira ruriko uruhusha rw'ugucumbika mu Burundi igehe cose abisabwe n'umutegetsi abifitiye ububasha.

Ku baturuka mu gihugu kimwe mu bigize Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko, urwandiko rw'inzira rutarata igehe canke ikarata karangamuntu yo mu gihugu aturukamwo irasabwa.

**Ingingo ya 53 :**

Ishirahamwe ryose ryunguruza abantu ritegerezwa kwereka umukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu, imbere y'ugusohoka canke ukwinjira mu gihugu, urwandiko rwerekana ingenzi zinjje mu gihugu canke zisohotse.

## IGICE CA IX : IBIRABANA N'IMPUNZI

**Ingingo ya 54 :**

Idosiye yose y'ugusaba kwitwa impunzi ifanzwe n'uwbisaba canke ivuye mw'Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho impunzi kw'isi, ishikirizwa hisunzwe ibitegekanijwe mu gice ca XI n'ica XII vy'iri bwirizwa.

**Ingingo ya 55 :**

Ukwemererwa kwitwa impunzi bigirwa biciye mw'itegeko ry'Umushikiranganji ajewe intwaro yo hagati mu gihugu, Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi umaze kugira ico ubiyuzeko.

**Ingingo ya 56 :**

Uwo wese yaronkeye mu Burundi uburenganzira bw'ukwitwa impunzi afatwa, imbere y'abategetsi bose, nk'impunzi nk'uko iri bwirizwa ribivuga.

8

011

011

8

Le statut de réfugié s'étend au conjoint et aux enfants mineurs ayant été déclarés lors de l'enregistrement aux services d'immigration par le réfugié, pour autant qu'aucune circonstance particulière ne s'y oppose.

Le conjoint ou les enfants mineurs d'un réfugié séparés pendant la fuite, acquièrent la qualité de réfugié à leur arrivée au Burundi, pour autant qu'aucune circonstance particulière ne s'y oppose.

#### **Article 57 :**

L'âge de la majorité ou de la minorité est déterminé conformément au Code des personnes et de la famille du Burundi.

#### **Article 58 :**

L'enfant né au Burundi de parents réfugiés obtient le statut de réfugié.

#### **Article 59 :**

Tout réfugié a l'obligation de se conformer aux lois et règlements du Burundi.

#### **Article 60 :**

Lors de l'accomplissement de leurs missions, les organes prévus au chapitre XIV de la présente loi ont accès à toute information contenue dans la base des données des réfugiés et des demandeurs d'asile.

#### **Article 61 :**

En cas d'atteinte à la sécurité nationale ou à l'ordre public, le demandeur d'asile présumé auteur ou complice peut être astreint à des mesures de restriction prises après avis et considérations de la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés.

Ukuronka uburenganzira bw'ukwitwa impunzi bituma uwubakanye n'uwo yaburonse hamwe n'abana biwe batarakwiza imyaka yo kwiagararira imbere y'amategeko yamenyesheje mu gihe c'iyandikwa mu bisata bibijeje baca bitwa impunzi, mu gihe ata kindi kintu na kimwe kije kibivuguruza.

Uwubakanye n'uwaronse uburenganzira bw'ukwitwa impunzi canke abana biwe batarakwiza imyaka yo kwiagararira imbere y'amategeko batandukanye na we bariko barahunga, bararonswa uburenganzira bw'ukwitwa impunzi bashitse mu Burundi, mu gihe ata kindi kintu na kimwe kije kibivuguruza.

#### **Ingingo ya 57 :**

Imyaka ifatirwako kugira umuntu yitwe ko akuze canke ko akiri umwana itomorwa hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga ingo n'imiryango mu Burundi.

#### **Ingingo ya 58 :**

Umwana avukiye mu Burundi ku bavyeyi b'impunzi aca aronka uburenganzira bw'ukwitwa impunzi.

#### **Ingingo ya 59 :**

Impunzi yose itegerezwa kwisunga amabwirizwa n'amategeko y'Uburundi.

#### **Ingingo ya 60 :**

Mu gihe inzego zitegekanijwe mu gice ca XIV c'iri bwirizwa ziriko zirarangura imirimo zishinzwe, zirafise uburenganzira bwo kuronswa inkuru iyo ari yo yose iri mw'itororokanirizo ry'ibiranga impunzi n'abasaba ubuhungiro.

#### **Ingingo ya 61 :**

Mu gihe umutekaño w'igihugu canke w'abanyagihugu ubangamiwe, uwusaba ubuhungiro akekwa ko yakoze canke yafashije mu gukora icaha, arashobora gufatirwa ingingo zimugabanya bimwe bimwe mu vyo yari afitiye uburenganzira, Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi umaze gushikiriza ivyiyumviro n'ivyipfuzo vyawo.

88

001

001

88

**Article 62 :**

Il n'est pas appliqué de sanctions pénales aux demandeurs d'asile du fait de leur entrée ou de leur séjour irrégulier au Burundi, sous réserve qu'ils se présentent aux autorités habilitées dans les délais prévus par l'article 80 de la présente loi.

**Article 63 :**

Un réfugié qui demande la naturalisation au Burundi doit se conformer à la législation y relative.

**CHAPITRE X : DU REGIME JURIDIQUE DES REFUGIES****Article 64 :**

Le statut personnel du réfugié est régi par le code burundais des personnes et de la famille en ce qui concerne l'état civil.

**Article 65 :**

Les droits précédemment acquis par le réfugié et découlant du statut personnel en matière d'état civil notamment ceux qui résultent du mariage, lui sont reconnus sous réserve des dispositions prévues par le Code des personnes et de la famille du Burundi.

**Article 66 :**

Les réfugiés demandeurs d'emplois sur le territoire du Burundi bénéficient d'un traitement de faveur par rapport à un autre étranger, tel que stipulé dans la législation nationale en matière du travail.

**Article 67 :**

Le réfugié bénéficie, pour l'exercice d'une activité professionnelle libérale déterminée, d'un traitement de faveur comparable à celui d'un étranger ressortissant du pays ou de la Communauté qui a conclu avec le Burundi une convention ou un mémorandum d'entente plus favorable.

**Ingingo ya 62 :**

Ntabihano mpanavyaha bihabwa abasaba ubuhungiro kubéra binjiye canke bacumbitse mu Burundi bidaciye mu mategeko hatirengagajwe ko bategerezwa kwimenyekanisha ku bategetsi babifitiye ububasha mu kiringo gitegekanijwe n'ingingo ya 80 y'iri bwirizwa.

**Ingingo ya 63 :**

Impunzi isavye ubwenegihugu mu Burundi, itegerezwa kwisunga ibwirizwa rivyerekeye.

**IGICE CA X : IVYEREKEYE AMATEGEKO AGENGA IMPUNZI****Ingingo ya 64 :**

Ingene impunzi ifatwa mu vyerekeye inyandiko ndangamuntu bigengwá n'ibwirizwa rigenga ingo n'abantu.

**Ingingo ya 65 :**

Uburenganzira impunzi yari imaze kuronka bivanye n'uko iyo mpunzi ifatwa imbere y'amategeko nko ku bijanye n'ukwubaka, irabwemererwa mu gihe bitaba biteye kubiri n'igitabu c'amategeko agenga ingo n'abantu.

**Ingingo ya 66 :**

Impunzi zisaba akazi ku gataka k'Uburundi ziroroherezwa gusumba abandi banyamahanga, hisunze uko amategeko y'ligihugu agenga akazi abivuga.

**Ingingo ya 67 :**

Impunzi iroroherezwa co kimwe n'uwundi munyamahanga aturuka mu gihugu canke mw'lshirahamwe ry'ibihugu vyagiraniye amasezérano n'Uburundi canke vyashize umukono ku rwandiko rw'umwumvikano w'ukworoherenzanya mugihe iriko irangura imitimo imwe imwe yihariwe "Profession libérale".

**Article 68 :**

Les réfugiés ont droit d'accès à l'éducation et aux soins de santé conformément aux lois et règlements nationaux en la matière.

**Article 69 :**

Les documents ou les certificats administratifs délivrés aux réfugiés par les autorités burundaises font foi jusqu'à preuve du contraire.

**Article 70 :**

Les réfugiés se trouvant régulièrement sur le territoire burundais ont le droit de choisir leur lieu de résidence et de circuler librement conformément aux lois et règlements nationaux, ainsi qu'aux Conventions et Protocoles internationaux et régionaux en la matière ratifiés par le Burundi.

**Article 71 :**

Les réfugiés ont le droit de transférer les avoirs qu'ils ont fait entrer sur le territoire burundais vers un autre pays où ils ont été admis de se réinstaller, conformément aux lois et règlements burundais en vigueur.

**Article 72 :**

Un réfugié se trouvant régulièrement sur le territoire burundais peut être expulsé pour des raisons de sécurité nationale ou d'ordre public.

Le réfugié a le droit de formuler un recours devant le Comité de recours sauf si des raisons impérieuses de sécurité nationale s'y opposent.

**Article 73 :**

Aucun réfugié ne peut être expulsé, de quelque manière que ce soit, sur les frontières des territoires où sa vie ou sa liberté peut être menacée en raison de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social ou de ses opinions politiques.

**Ingingo ya 68 :**

Impunzi zirafise uburenganzira bw'ukwiga n'ubw'ukwivuza nk'uko bitegekanijwe mu mabwirizwa n'amategeko y'igihugu avyerekeye.

**Ingingo ya 69 :**

Inzandiko canke impapuro zihabwa impunzi zitanzwe n'abajejwe intwarz mu Burundi ziguma zemewe gushika hagize ikizivuguruza.

**Ingingo ya 70 :**

Impunzi ziba ku gataka k'Uburundi biciye mu mategeko zirafise uburenganzira bwo guhitamwo aho ziba n'ubwo gutembera mu mwidegemvyo nk'uko bitegekanijwe mu mabwirizwa n'amategeko y'Uburundi, hamwe n'amasezerano mpuzamakungu n'ay'akarere Uburundi bwashizeko umukono.

**Ingingo ya 71 :**

Impunzi zirafise uburenganzira bwo kwimurira amatungo yazo zazanye mu Burundi mu kindi gihugu zemerewe kubamwo, hisunzwe amabwirizwa n'amategeko y'Uburundi asanzwe akurikizwa.

**Ingingo ya 72 :**

Impunzi iba ku gataka k'Uburundi biciye mu mategeko irashobora kwirukanwa bitumwe n'imvo z'umutekano w'igihugu canke uw'abanyagihugu.

Impunzi irafise uburenganzira bwo kwitura Komite yiturwa n'uwtashimishijwe n'ingingo zafashwe kiretsse iyo hari imvo zihambaye z'umutekano zibibuza.

**Ingingo ya 73 :**

Nta mpunzi n'imwe ishobora kwirukanwa, mu buryo ubwo ari bwo bwose, ku mbibe z'igihugu aho ubuzima canke ubwigenge bwiwe bushobora kugeramirwa bivanye n'urukoba rwiwe, idini, ubwenegihugu, umuryango aturukamwo canke iviyumviro vyiwe vya poritike.

Le réfugié expulsé bénéficie d'un délai de deux mois pour lui permettre de chercher à se faire admettre régulièrement dans un autre pays.

Pendant ce délai, la Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés peut prendre des mesures d'ordre interne qu'elle juge opportunes, en collaboration avec le Haut-Commissariat pour les Réfugiés.

## CHAPITRE XI : DE LA PROCEDURE DE DEMANDE D'ASILE

### Section1 : De la procédure ordinaire

#### Article 74 :

Est considérée comme une demande d'asile, toute manifestation de volonté par laquelle une personne demande au Burundi de la protéger contre une menace relevant de l'un des motifs suivants :

- 1° la crainte d'être persécutée du fait de sa race, de sa religion, de sa nationalité, de son appartenance à un certain groupe social ou de ses opinions politiques ;
- 2° les menaces ou l'exposition à des traitements inhumains ou dégradants, lorsque ces menaces ou ces risques émanent des acteurs étatiques, des personnes ou des groupes organisés de son pays d'origine ou de résidence ;
- 3° l'agression, l'occupation extérieure, la domination étrangère ou un événement troublant l'ordre public dans une partie ou dans la totalité de son pays d'origine.

Impunzi yirukanywe iraronswa ikiringo c'amezi abiri kugira irondere ikindi gihugu ishobora kwemererwā kubamwo biciye mu mategeko.

Muri ico kiringo, Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi urashobora gufata ingingo ku rwego rwavo ubona ko zibereye ufadikanje n'lshirahamwe mpuzamakungu ryitaho impunzi.

### IGICE CA XI : INGENE UBURYO BWO GUSABA UBUHUNGIRO BUTUNGANJIWE.

#### Agace ka 1 : Uburyo busanzwe

#### Ingingo ya 74 :

Bifatwa ko ari ugusaba ubuhungiro, ugushikiriza icipfuzo c'uguhabwa ubuhungiro mu Burundi n'ugukingirwa ico cose kigeramiye umutekano w'uwasaba ubuhungiro giturutse kú mvo imwe muri izi zikurikira :

- 1° Ubwoba bwo gütotezwa bivanye n'urukoba rwiwe, idini, ubwenegihugu, umuryango akomokamwo canke iviyumviro vyiwe vyaparitike ;
- 2° Iterabwoba canke ugufatwa bunyamaswá, mu gihe iyo terabwoba canke ibishobora kumubangamira bitewe n'abantu canke imiriwi itandukanye y'abategetsi ba Reta y'igihugu ciwe, canke imigwi yiyunze y'ubugizi bwa nabi iri mu gihugu c'amavukiro canke abamwo ;
- 3° Mu gihe igihugu yamukamwo catewe, cafashwe n'ikindi gihugu, gikandamijwe n'abanyamahanga canke habaye igihungabanya umutekano w'abanyagihugu mu gice kimwe c'igihugu c'amamuko canke mu gihugu cose.

8

8

8

8

**Article 75 :**

La demande d'asile est déposée :

1° auprès des postes-frontières qui autorisent l'entrée au Burundi de la personne qui souhaite demander l'asile ;

2° auprès d'un centre d'enregistrement ;

3° auprès d'un agent des migrations du commissariat communal ou provincial le plus proche.

**Article 76 :**

L'accueil, l'identification, l'enregistrement et l'orientation des demandeurs d'asile, la délivrance d'une autorisation spéciale de circulation, du permis de séjour temporaire, des cartes d'identité pour réfugiés et des titres de voyage sont effectués par la police des migrations.

**Article 77 :**

Au niveau des postes-frontières et des centres d'enregistrement, la police des migrations recueille les données personnelles du demandeur d'asile notamment le relevé de ses empreintes digitales et la photographie.

Le demandeur d'asile est auditionné sommairement sur les motifs qui l'ont fait quitter son pays et sur l'itinéraire qu'il a emprunté.

**Article 78 :**

En cas d'afflux massif des demandeurs d'asile, des centres d'enregistrement et de transit sont créés conjointement par les Ministres ayant l'administration du territoire et la sécurité publique dans leurs attributions.

**Ingingo ya 75 :**

Urwandiko rw'ugusaba ubuhungiro rutangwa aha hakurikira :

1° Ku biro vyo ku mbibe bijejwe uruja n'uruza biha uwipfuza gusaba ubuhungiro uruhusha rw'ukwinjira mu Burundi ;

2° Mu kibanza candikirwamwo abasaba ubuhungiro ;

3° Ku mukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu akorera muri komisariya ya komine canke y'intara yegereye uwusaba ubuhungiro.

**Ingingo ya 76 :**

Ukwakira abasaba ubuhungiro, ukugira umwidondoro wabo, ukubandika mu gitabu n'ukubereka aho basaba ibikenewe vyose, ukubaha uruhusha rudasanzwe rw'ugutembera, uruhusha rwo kuba mu gihugu mu gihe gito, ukubaha amakarata aranga impunzi n'inzandiko z'inzira bigirwa n'lgiporisi kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Ingingo ya 77 :**

Ku biro vyo ku mbibe bijejwe uruja n'uruza no mu bibanza vyandikirwamwo abasaba ubuhungiro, Igiporisi kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu kiratororokanya Ibiranga umwe umwe mu basaba ubuhungiro nko mu kumufata amakanda y'ntoke n'ukumufotora.

Uwusaba ubuhungiro arumvirizwa mu ncamake ku vyatumye ava mu gihugu ciwe no ku nzira yazananye.

**Ingingo ya 78 :**

Mu gihe abasaba ubuhungiro baje ikivunga, ibibanza vyandikirwamwo abasaba ubuhungiro n'ibigo vyakirirwamwo impunzi ivy'imfatakibanza bishingwa n'Umushikiranganji ajejwe intwaro yo hagati mu gihugu afadikanje n'Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu.

88

OM

OM

88

Ils sont gérés par l'Office National pour la Protection des Réfugiés et Apatrides et sécurisés par la police.

Un centre d'enregistrement ou de transit ne peut pas être implanté dans la zone neutre et aucune autre activité ne peut y être exercée.

#### **Article 79 :**

Lors du dépôt de la demande d'asile, le requérant est informé de ses droits et de ses devoirs.

#### **Article 80 :**

Les agents du Commissariat Général des Migrations à la frontière, à la commune ou à la province délivrent au demandeur d'asile une autorisation de circulation de trente jours sur le territoire du Burundi en attendant l'obtention du permis de séjour temporaire.

#### **Article 81 :**

Dans le cas où la procédure de détermination du statut de réfugié n'a pas encore abouti, le permis de séjour temporaire de six mois renouvelable est octroyé au demandeur d'asile ainsi qu'aux membres de sa famille.

Le permis de séjour temporaire contient les photos du demandeur d'asile et, le cas échéant, des membres de sa famille qui l'accompagnent.

Il est signé par le Commissaire Général des Migrations.

#### **Article 82 :**

Dans les trente jours qui suivent son arrivée sur le territoire burundais, le demandeur d'asile qui ne s'est pas déclaré à l'entrée, est tenu de le faire au commissariat communal ou provincial le plus proche.

Ivo bigo bitunganywa n'lkigo c'igihugu kijejwe ugukingira impunzi n'abadafise ubwenegihugu buzwi bigacungererwa umutekaño n'lgipolisi.

Ikigo candikirwamwo abasaba ubuhungiro canke icakirirwamwo impunzi ivy'imfatakibanza ntligishobora gushirwa mu karere ata gihugu kikitirirwa kandi nta gikorwa na kimwe gishobora kuhakorerwa,

#### **Ingingo ya 79 :**

Mu gihe c'ugushikiriza urwandiko rw'ugusaba ubuhungiro, uwubisaba aramenyeshwa ivyo afitiye uburenganzira n'ivyo ategerejwe.

#### **Ingingo ya 80 :**

Abakozi bo muri Komisariya Nkuru ijejwe ivyerékeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu bakorera ku rubibe, mw'ikomine canke mu ntara baraha uwusaba ubuhungiro uruhusha rw'ugutembera ku gataka k'Uburundi rumara imisi mirongo itatu mu kurindira ko aronswa uruhusha rw'ugucumbika mu gihugu mu gihe gito.

#### **Ingingo ya 81 :**

Mu gihe ibikorwa bijanye n'ukwemeza ko umuntu ari impunzi bitararangira, uwusaba ubuhungiro hamwe n'umuryango wiwe bararonswa ivy'imfatakibanza uruhusha rw'ugucumbika mu gihugu rumara ikiringo c'amezi atandatu gishobora kwisubiriza.

Uruhusha rw'ugucumbika mu gihugu mu gihe gito ruba ruriko amafoto y'uwasaba ubuhungiro n'abagize umuryango wiwe, iyo bahari, bari kumwe na we.

Urwo ruhusha rushirwako umukono na Komiseri Mukuru ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

#### **Ingingo ya 82 :**

Mu misi mirongo itatu ikurikira umusi yashikiyeko mu gihugu c'Uburundi, uwusaba ubuhungiro atimenyekanishije acinjira mu gihugu, asabwa kubigira muri Komisariya y'ikomine canke y'intara imwegereye.

L'agent des migrations a l'obligation de le conduire au centre d'enregistrement le plus proche.

#### Article 83 :

Après l'expiration du délai de trente jours, si le demandeur d'asile n'a pas introduit sa requête aux lieux indiqués à l'article 72 de la présente loi, la demande d'asile est irrecevable à moins qu'un cas de force majeure ne justifie l'impossibilité de présenter la demande dans les délais.

#### Article 84 :

Les dossiers des demandeurs d'asile sont transmis par la police des migrations à l'Office National de Protection des Réfugiés et Apatrides « ONPRA » en sigle, endéans huit jours.

Les missions de l'ONPRA sont déterminées par un décret.

L'ONPRA transmet ces dossiers avec des avis de détermination de statut à la CCER, dans un délai ne dépassant pas trente jours dès la réception du dossier.

La Commission Consultative pour Etrangers et Réfugiés se réunit sans délais.

#### Article 85 :

La décision de la CCER intervient dans les vingt jours ouvrables qui suivent sa première réunion pour les demandes d'asile qui lui sont soumises.

Le Comité de recours statue d'abord sur sa recevabilité avant d'analyser au fond toute demande d'asile qui lui est soumise.

Umukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohora igihugu ategerezwa kumutwara mu kigo candikirwamwo abasaba ubuhungiro kimwegereye.

#### Ingingo ya 83 :

Ikiringo c'imi si mirongo itatu kirangiye, iyo uwusaba ubuhungiro atarashikiriza urwandiko rw'ukubisaba mu bibanza bivugwa mu ngingo ya 72, idosiye y'ugusaba ubuhungiro ntishobora kwakiwa kiretsse herekanywe intambamyi ntasimbwa isigura igituma atashoboye gushikiriza urwandiko rubisaba mu bihe bitegekanijwe.

#### Ingingo ya 84 :

Idosiye z'abasaba ubuhungiro zirungikwa n'lgoriszi kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu mu Kigo c'igihugu kijejwe ugukingira impunzi n'abadafise ubwenegihugu buzwi mu kiringo kitarenza imisi umunani.

Imirimo y'ikigo ONPRA itomorwa n'itegeko ry' Umukuru w'lgihugu.

Ikigo ONPRA kirungikira Umugwi CCER izo dosiye ziri kumwe n'urwandiko ruriko ivyashikirijwe n'ico kigo ku bijanye n'uburenganzira bw'ukwitwa impunzi, mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu giharurwa kuva idosiye zakiriwe.

Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi uca ukorana udatevye.

#### Ingingo ya 85 :

Ingingo y'Umugwi CCER ifatwa mu misi mirongo ibiri y'akazi ikurikira inama ya mbere y'uwo Mugwi, kw'idosiye z'abasaba ubuhungiro washikirijwe.

Komite yiyungururizo ibanza kuraba ko idosiye y'ugusaba ubuhungiro yashikirijwe yisunga amategeko kugira yakiwe imbere yo kuyihweza mw'ido n'ido.

88

att

att 8

**Articles 86 :**

Lorsque la CCER a statué favorablement sur la demande de la qualité de réfugié, le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions signe une ordonnance accordant l'asile. L'ordonnance est notifiée au Commissariat Général des Migrations et à l'intéressé à travers l'ONPRA.

**Article 87 :**

Si aucune décision ne peut être prise, la CCER engage d'autres mesures d'instruction en vue de recueillir des renseignements supplémentaires.

**Article 88 :**

Lorsque la CCER émet une décision déboutant le demandeur d'asile, celle-ci doit être motivée.

Le demandeur d'asile est notifié par écrit de la décision de la CCER signée par son Président.

La décision comporte des indications relatives au droit de recours.

**Article 89 :**

Le demandeur d'asile peut faire appel contre une décision de refus.

L'appel est introduit dans les vingt jours ouvrables suivant la notification de la décision.

En cas de force majeure justifiée, un délai supplémentaire peut être accordé si celui qui introduit un recours ou son mandataire a été empêché d'agir dans le délai imparti.

**Ingingo ya 86 :**

Mu gihe Umugwi CCER wafashe ingingo y'ukwemerera uwasavye ubuhungiro ko yitwa impunzi mu gihugu, Umushikiranganji ajejwe intwarz yo hagati mu gihugu arashira umukono kw'itegeko nshikiranganji ritanga ubuhungiro. Iyo tegeko rica rimenyeshwa Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu hamwe n'uwo vyerekeye biciye ku Kigo ONPRA.

**Ingingo ya 87 :**

Iyo ata ngingo n'imwe ishobora gufatwa, Umugwi CCER uca ufata izindi ngingo z'ugutohoza kugira urondere inkuru ziyongera ku zo wara waronse.

**Ingingo ya 88 :**

Mu gihe Umugwi CCER usohoye ingingo yima ubuhungiro uwabusavye, utegerezwa kubitangira imvo.

Uwusaba ubuhungiro amenyeshwa Ingingo yafashwe biciye mu rwandiko rw'Umugwi CCER rushirwako umukono n'Umukuru wavo.

Ingingo iba irimwo ibimumenyesha ko afise uburenganzira bwo kwunguruza.

**Ingingo ya 89 :**

Uwusaba ubuhungiro arashobora kwunguriza ingingo yafashwe imwankira ubuhungiro.

Uwandiko rw'ukwunguriza ingingo yafashwe rushikirizwa mu misi mirongo ibiri y'akazi ikurikira umusi iyo ngingo yamenyesherejweko.

Igihe habaye intambamyi ntasimbwa yatangiwe imvo, ikiringo ciyongerako kirashobora gutangwa iyo uwungururiza ingingo yafashwe canke uwo yatumye atashoboye kubikora mu kiringo gitegekanijwe.

**Article 90 :**

La demande de recours est déposée auprès du Comité de recours à travers le secrétariat de l'ONPRA qui accuse réception de la demande et transmet le dossier au Comité.

La décision du Comité de recours intervient endéans trente jours dès la réception du recours.

Le membre de la CCER ou l'Officier de protection de l'ONPRA ayant participé dans l'examen de la demande en première instance ne peut pas siéger au sein du Comité de recours.

**Article 91 :**

Lors d'un entretien personnel, le demandeur d'asile peut être assisté d'un conseiller juridique de son choix.

**Article 92 :**

Lorsque le CR accorde le statut de réfugié, le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions signe une ordonnance qui est notifiée au Commissariat Général des Migrations et à l'intéressé par l'ONPRA.

Lorsque le CR émet une décision de refus, elle est motivée et est sans recours.

L'ONPRA transmet le dossier au Commissariat Général des Migrations qui procède à l'étude du dossier pour admission à un statut d'étranger ordinaire ou à son éloignement du territoire.

**Ingingo ya 90 :**

Urwandiko rw'ukwunguriza ingingo yafashwe rushikirizwa Komite yiyungurizo biciye mu biro vy'umunyamabanga w'lkigo ONPRA, na vyo bigatanga icemeza ko vyarwakiriye, bigaca birungikira iyo dosiye Komite yiyungurizo.

Komite yiyungurizo ishikiriza ingingo yayo mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu iharurwa kuva urwo rwandiko rwakiriwe.

Uwuri mu bagize Umugwi CCER canke umukozi wo mu Kigo ONPRA ari mu bihweje idosiye y'ukwunguriza ingingo yafashwe ku rugero rwa mbere ntashobora kuja mu bayihweza muri Komite yiyungurizo.

**Ingingo ya 91 :**

Mu gihe c'ukwumviriza umwe umwe, uwusaba ubuhungiro arashobora gufashwa n'umuhanuzi mu vyerekeye amategeko yihitiyemwo.

**Ingingo ya 92 :**

Mu gihe Komite yiyungurizo jhaye umunfu uburenganzira bw'ukwitwa impunzi, Umushikiranganji ajejwe intwarz yo hagati mu gihugu arashira umukono kw'itegeko nshikiranganji rikamenyeshwa Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka Igihugu hamwe n'ubo vyerekeye biciye kú Kigo ONPRA.

Mu gihe Komite yiyungurizo ifashe ingingo y'ukwankira uwusaba ubuhungiro, irayitangira imvo kandi ntiyungurizwa.

Ikigo ONPRA kirarungika idosiye muri Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka Igihugu, ikihweza iyo dosiye kugira yemeze ko ari umunyamahanga bisanzwe canke ko akwiye kwigizwa kure y'igihugu.

**Article 93 :**

Le Commissariat Général des Migrations délivre au demandeur d'asile dont le statut de réfugié a été reconnu, une carte d'identité de réfugié dont les spécifications techniques sont déterminées par une ordonnance du Ministre ayant les migrations dans ses attributions.

**Article 94 :**

Les autorités communales délivrent aux réfugiés et aux membres de leurs familles une attestation de résidence.

**Article 95 :**

Les autorités administratives et policières ne peuvent pas confisquer les documents personnels du demandeur d'asile ou du réfugié. Toutefois, elles peuvent faire des copies de ces documents pour usage administratif.

**Section 2 : De la procédure spéciale pour les demandeurs sur place****Article 96 :**

Le délai mentionné à l'article 80 de la présente loi ne s'applique pas aux personnes qui n'étaient pas réfugiées lorsqu'elles ont quitté leur pays.

Ces personnes doivent se présenter au Commissariat communal ou provincial le plus proche pour des procédures d'enregistrement.

**Article 97 :**

Un demandeur d'asile, qui ne se présente pas à l'entretien de détermination du statut de réfugié dans un délai de vingt jours ouvrables à partir de la date du rendez-vous de l'ONPRA, est considéré comme ayant renoncé à sa demande.

La réouverture de la nouvelle demande, en cas de force majeure, relève de la compétence de la CCER.

**Ingingo ya 93 :**

Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu iraha uwusaba ubuhungiro yamaze kwemerwa kwtwa impunzi, ikarata y'impunzi, ibiyiranga bigatomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu.

**Ingingo ya 94 :**

Abajejwe intwarz mw'ikomine baraha impunzi n'abagize imiryango yazo urwandiko rwemeza ko barekuriwe kuba mu gihugu.

**Ingingo ya 95 :**

Abategelsi mu ntwarz no mu Giporsi ntibashobora kugumya inzandiko z'uusaba ubuhungiro canke z'impunzi. Arikò, barashobora kugira ikopi z'izo nzandiko kugira zikoreshwe mu vy'intwarz.

**Agace ka 2 : Uburyo budasanzwe bw'ugusaba ubuhungiro ku basanzwe bari mu gihugu****Ingingo ya 96 :**

Ikiringo kivugwa mu ngingo ya 80 ntigikurikizwa ku bantu batari bari impunzi igihe baya mu gihugu cabo.

Abo bantu bategerezwa kuja kwimenyekanisha muri Komisariya y'ikomine canke y'intara ibegereye kugira biyandikishe.

**Ingingo ya 97 :**

Uwusaba ubuhungiro atagiye kwumvirizwa kugira hihwezwe ko yokwemererwa kwtwa impunzi, mu kiringo c'imisi mirongo ibiri y'akazi giharurwa kuva kw'igenekerezo Ikigo ONPRA camuhereyeko isango, afatwa ko yahevye ivyo yasaba.

Ugusubira gusaba bushasha ubuhungiro, igihe habaye intambamyi ntasimbwa, bitangirwa uruhusha n'Umugwi CCER.

**Article 98 :**

Le demandeur d'asile qui prétend réintroduire sa demande fournit à la CCER des éléments nouveaux et fiables attestant qu'il y a un changement significatif dans son pays d'origine, ayant une incidence notable sur son éligibilité au statut de réfugié.

**Article 99 :**

Lorsque le CR rejette la demande d'asile introduite par un étranger sur place, il prononce son renvoi du Burundi et informe le Ministre ayant la sécurité publique dans ses attributions qui en ordonne l'exécution.

Toutefois, en cas de nécessité absolue liée notamment aux conditions familiales, à la scolarité des enfants, le Comité de recours peut décider le non renvoi.

Dans ce cas, l'intéressé est soumis aux dispositions régissant les conditions des étrangers ordinaires.

**Article 100 :**

Lorsqu'une décision de renvoi est exécutoire, le Ministre ayant les migrations dans ses attributions prend toutes les mesures nécessaires pour son exécution.

**Article 101 :**

Lorsque l'exécution du renvoi se fait dans l'Etat d'origine ou de provenance, l'autorité chargée de l'organisation du départ peut communiquer aux autorités de ce pays les données suivantes :

1° les noms et prénoms, le nom d'emprunt, la date de naissance, le sexe, la nationalité, les noms et prénoms des parents et la dernière adresse connue dans l'Etat d'origine ou de provenance de la personne concernée ;

**Ingingo ya 98 :**

Uwusaba ubuhungiro yipfuza gusubira kubusaba, ashikiriza Umugwi mpanuzwajambo ujejwe gutunganiriza abanyamahanga n'impunzi ibindi bishasha vyongerwa mw'idosiye kandi vyokwizerwa vyemeza ko hari ivyahindutse bihambaye mu gihugu c'amamuko yiwe, bishigikira ko akwiye kuronswà uburenganzira bw'ukwitwa impunzi.

**Ingingo ya 99 :**

Mu gihe Komite yiyungurizo itemeye idosiye y'ugusaba ubuhungiro yashikirijwe n'umunyamahanga ari mu gihugu, ica itangaza ko imwirukanye mu Burundi, igaca imenyesha Umushikiranganji ajejwe umutekano mu gihugu, na we agaca ategeka ko bishirwa mu ngiro.

Ariko, ijihe bikenewe cane nk'yo bijanye n'ingene umuryango ubayeho, amashure y'abana, Komite yiturwa n'uwutashimishijwe n'ingingo zafashwe irashobora gushinga ko afirukanwa,

Muri ico gihe, uwo vyerekeye aca agengwa n'ingingo zigenga abanyamahanga basanzwe.

**Ingingo ya 100 :**

Mu gihe ingingo y'ukwirukana umunyamahanga itegerezwa guca ishirwa mu ngiro, Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu arafata ingingo zose zikenewe kugita ishirwe mu ngiro.

**Ingingo ya 101 :**

Mu gihe ingingo y'ukwirukana umunyamahanga yashiriwe mu ngiro mu gihugu c'amamuko yiwe canke c'aho yaje ava, ubutegetsi bujejwe itunganywa ry'ingene yirukanwa burashobora kumenyesha abategetsi b'ico gihugu ibi bikurikira :

1° Izina n'amatazirano, izina ry'irirano, itariki y'amavuka, igitsina, ubwenegihugu vy'umunyamahanga yirukanhywe, amazina n'amatazirano vy'abavyeyi biwe, aho yabarizwa ubwa nyuma mu gihugu c'amamuko canke mu gihugu yaje avamwo ;

- 2° les empreintes digitales et les photographies, le cas échéant ;  
 3° les indications sur son état de santé.

## CHAPITRE XII : DES DISPOSITIONS SPECIALES EN CAS D'AFFLUX MASSIF DE PERSONNES FUYANT UN DANGER GENERAL

### Article 102 :

Les dispositions du présent chapitre ont pour objet d'instaurer une procédure relative à l'octroi du statut de réfugié prima facie sur le territoire burundais.

### Article 103 :

La procédure relative à l'octroi du statut de réfugié prima facie en cas d'afflux massif de demandeurs d'asile s'applique dans les conditions cumulatives suivantes :

- 1° les moyens requis pour déterminer le statut de chacun sur une base individuelle dépassent la capacité des structures existantes ;  
 2° la présomption que la grande majorité des membres de ce groupe répondent individuellement aux critères d'éligibilité au statut de réfugié ;  
 3° l'urgence de protéger et d'assister les membres du groupe.

### Article 104 :

L'existence des conditions mentionnées à l'article 103 de la présente loi est constatée par le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions, sur avis du Président de la CCER.

2° Amakanda y'intoki n'amafoto, igihe bikenewe ;

3° Iwyerekana uko amagara yiwe yifashe.

## IGICE CA XII : INGINGO ZIDASANZWE MU GIHE ABANTU BAJE IKIVUNGA BAHUNGA IKIBAGERAMIYE

### Ingingo ya 102 :

Ibitegekanijwe muri iki gice bifise intumbero yo gushiraho uburyo bujanye n'ugutanga uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ku bantu bashitse mu kivunga ku gataka k'Uburundi.

### Ingingo ya 103 :

Uburyo bujanye n'ugutanga uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ku bantu bashitse mu kivunga basaba ubuhungiro bukurikizwa mu gihe ibisabwa bikurikira bikwiye vyose :

1° Uburyo busabwa mu gutomora ko umwe umwe wese afise uburenganzira bw'ukwitwa impunzi burengeye ubushobozzi bw'inzego zibijejwe zihasanze ;

2° Ugufata ko benshi mu bagize uwo mugwi bakwiye umwe umwe wese ibifatirwako kugira umuntu aronke uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ;

3° Ukwihuta gukingira no gufasha abagize uwo mugwi.

### Ingingo ya 104 :

Ibisabwa bivugwa mu ngingo ya 103 vyemezwa ko vyose bikwiye n'Umushikiranganji ajejwe intwarz yo hagati mu gihugu, Umukuru w'Umugwi CCER amaze kugira ico abivuzeko.

8

01

01 8

**Article 105 :**

Suite à l'arrivée massive sur le territoire burundais de personnes fuyant un danger à cause d'une des circonstances visées à l'article 103 de la présente loi, le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions accorde collectivement à ces personnes le statut de réfugié prima facie après un délai maximum de six mois.

Le statut de réfugiés prima facie est soumis aux dispositions de la présente loi en ce qui concerne le régime juridique du réfugié.

**Article 106 :**

Lorsque la famille a été séparée pendant la fuite et si elle entend se réunir au Burundi, à moins qu'une circonstance particulière ne s'y oppose, le statut de réfugiés prima facie est accordé au conjoint et aux enfants mineurs des personnes soumises à ce statut.

**Article 107 :**

En cas d'arrivée massive sur le territoire burundais de personnes qui fuient un danger, le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions désigne par ordonnance une commission ad hoc dont les principales missions sont les suivantes :

- 1° prendre toutes les mesures qui s'imposent selon les circonstances pour assurer notamment la sécurité, l'hébergement, l'alimentation et les soins médicaux nécessaires aux personnes arrivées massivement ;
- 2° recueillir toutes les informations susceptibles d'éclairer les autorités sur les raisons de cette arrivée massive ;
- 3° identifier toutes les personnes arrivées massivement sur le territoire burundais dans les circonstances décrites à l'article 103 de la présente loi ;

**Ingingo ya 105 :**

Bitumwe n'uko hari abantu benshi bashitse ikivunga ku gataka k'Uburundi bahunga ikibabangamiye ku mvo imwe mu zivugwa mu ngingo ya 103, Umushikiranganji ajejwe intwarz yo hagati mu gihugu aremerera icarimwe abo bantu bashitse ikivunga uburenganzira bw'ukwitwa impunzi inyuma y'ikiringo kitarenza amezi atandatu.

Uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ku bantu bashitse ikivunga bwisunga ingingo z'iri bwirizwa mu vyerekeye amategeko agenga impunzi.

**Ingingo ya 106 :**

Igihe abagize umuryango batandukanye bariko barahunga kandi iyo bipfuza gusubira kuja hamwe mu Burundi, kiretse iyo hari igituma kidasanze cobibuza, uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ku bantu bashitse ikivunga burahabwa uwubakanye n'uwaronse ubwo burenganzira hamwe n'abana batarakwiza imyaka y'ukwihagarira imbere y'amategeko.

**Ingingo ya 107 :**

Mu gihe hari abantu benshi bashitse ikivunga ku gataka k'Uburundi bahunze ikibageramiye, Umushikiranganji ajejwe intwarz yo hagati mu gihugu aragena abicishije mw'itegeko nshikiranganji umugwi ushinzwe kubera ico Kibazo ujejwe imirimbo ikurikira :

- 1° Gufata ingingo zose zikenewe bivanye n'uko ibintu bimeze, nk'izerekeye cane cane umutekeno w'abantu bashitse ikivunga, ukubaronderera uburaro, ukubafungurira n'ukubavuza ;
- 2° Gutororokanya inkuru zose zikenewe zishobora gutuma abagegetsi baronka umuco ku mvo zatumye abo bantu bashika ikivunga ;
- 3° Kumenya abantu bose bashitse ikivunga ku gataka k'Uburundi nk'uko vyadondowe mu ngingo ya 103 ;

- 4° identifier les besoins de toute nature et les catégoriser selon leurs urgences ;
- 5° coordonner et organiser l'assistance humanitaire ;
- 6° s'assurer particulièrement du caractère civil des camps d'hébergement ;
- 7° séparer les ex-combattants des civils, le cas échéant.

La commission ad hoc travaille sous la supervision de la CCER.

#### **Article 108 :**

La commission ad hoc est composée des autorités locales, des agents du Commissariat Général des Migrations et ceux de l'ONPRA.

#### **Article 109 :**

Les réfugiés prima facie peuvent être tenus de résider dans les lieux qui leur sont assignés par la commission ad hoc.

#### **Article 110 :**

La commission ad hoc peut interdire ou limiter la liberté de circulation des réfugiés prima facie qui sont dans les camps. Tout déplacement est autorisé par un écrit émanant d'une autorité désignée par l'ONPRA.

#### **Article 111 :**

Dans un délai de quinze jours de sa mise en place, la commission ad hoc transmet au Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions une proposition contenant notamment :

- 1° la description des groupes spécifiques des personnes auxquelles va s'appliquer la reconnaissance du statut de réfugié prima facie et leur liste ;

4° Kumenya ivyo impunzi zikenera vy'ubwoko bwose no kubishira mu migwi hisunzwe ivyihutirwa kurusha ibindi ;

5° Gukurikiranira hafi no gutunganya imfashanyo ;

6° Kwitwararika cane cane ko mu makambi y'impunzi ata kintu na kimwe kijanye n'igisrikare gikorerwayo ;

7° Gutandukanya abahoze ku rugamba n'abandi bantu basanzwe, iyo bahari.

Umugwi washizweho kubera impunzi ukora ucungerewe n'Umugwi CCER.

#### **Ingingo ya 108 :**

Umugwi ushirwaho uba ugizwe n'abategetsi bo muri ako karere, abakozi bo muri Komisariya nkuru ijewe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu n'abo mu Kigo ONPRA.

#### **Ingingo ya 109 :**

Impunzi zishitse ikivunga zitegerezwa kuba mu bibanza zishirwamwo n'umugwi ushirwaho kubera zishitse ikivunga.

#### **Ingingo ya 110 :**

Umugwi ushirwaho kubera impunzi zishitse ikivunga urashobora kubuzá canke kugabanya uburenganzira bw'ugutembera ku mpunzi ziri mu makambi zashilse ikivunga. Kugira impunzi isohoke ikambi bitangirwa uruhusha rwandilse rutangwa n'umutegetsi agenwa n'Ikigo ONPRA.

#### **Ingingo ya 111 :**

Mu kiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva ushirwaho, umugwi ushirwaho kubera impunzi zishitse ikivunga urarungikira Umushikiranganji ajejwe intwaro yo hagati mu gihugu urwandiko rurimwo ivyokorwa nkibi bikurikira :

- 1° Umwidondoro w'imigwi yerekeye abantu barondéra kuronwa uburenganzira bw'ukwitwa impunzi zishitse ikivunga hamwe n'urutonde rwabo ;

8

2011

01/08

- 2° l'examen de la situation dans le pays d'origine et l'ampleur qui peut être causée par les mouvements de personnes bénéficiant de la reconnaissance du statut de réfugié ;
- 3° la nécessité d'une reconnaissance collective du statut de réfugié ;
- 4° les mesures à prendre pour l'aide d'urgence et pour assurer la sécurité et la protection de ces personnes, notamment l'éloignement de la frontière du pays d'origine et la séparation des ex-combattants des autres réfugiés.

#### Article 112 :

Le Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions accorde collectivement à ces personnes le statut de réfugié prima facie, dans un délai maximum de six mois après la mise en place de la commission ad hoc.

Le Commissariat Général des Migrations leur délivre une carte d'identité de réfugié.

#### CHAPITRE XIII : DE LA PERTE DU STATUT DE REFUGIE

#### Article 113 :

La déchéance du statut de réfugié est prononcée à l'encontre de la personne détentrice qui :

- 1° s'est volontairement réclamée à nouveau de la protection du pays dont elle a la nationalité ;
- 2° ayant perdu sa nationalité, l'a volontairement recouvrée ;
- 3° a acquis une nouvelle nationalité et jouit de la protection du pays dont elle a acquis ladite nationalité ;
- 4° est retournée volontairement s'établir dans le pays qu'elle avait quitté ;

- 2° Ukwihweza uko ibintu bimeze mu gihugu baje bavamwo n'ingaruka zishobora gulturuka ku ruja n'uruza rw'abantu baronse uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ;
- 3° Ukwihutira gutangira hamwe uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ;
- 4° Ingingo zořatwa ku bijanye n'imfashanyo z'iviyihutirwa mu gucungera umutekano no gukingira abo bantu nko mu kubigiza kure y'urubibe rw'ighugu baje baturukamwo hamwe n'ugutandukanya impunzi n'abahoze ku rugamba.

#### Ingingo ya 112 :

Umushikiranganji ajejwe intwaro yo hagati mu gihugu aremerera icarimwe uburenganzira bw'ukwitwa impunzi abo bantu bashitse ikivunga mu kiringo kitarena amezi atandatu inyuma y'ugushiraho umugwi ujejwe impunzi zishitse ikivunga.

Komisariya Nkuru ijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu iratanga ikarata iranga impunzi.

#### IGICE CA XIII : UGUTAKAZA UBURENGANZIRA BW'UKWITWA IMPUNZI

#### Ingingo ya 113 :

Ugutakaza uburenganzira bw'ukwitwa impunzi bitangazwa igihe umuntu yari abufise :

- 1° Avuze ko ashaka gusubira gukingirwa n'igihugu afitiye ubwenegihugu ;
- 2° Yasubiye ku gushaka kwiwe ku bwenegihugu yari yatakaje ;
- 3° Yaronse ubundi bwenegihugu bushasha kandi akaba akingiwe n'igihugu cabumuhye ;
- 4° Yasubiye kuba, ku gushaka kwiwe, mu gihugu yari yavuyemwo ;

- 5° ne peut plus continuer à refuser de se réclamer de la protection du pays dont elle a la nationalité du fait que les circonstances à la suite desquelles elle a été reconnue comme réfugiée ont cessé d'exister ;
- 6° n'ayant pas de nationalité, les circonstances à la suite desquelles elle a été reconnue comme réfugiée ont cessé d'exister et qu'elle est en mesure de retourner dans le pays où elle avait sa résidence habituelle ;
- 7° a porté atteinte à la sécurité intérieure ou extérieure du Burundi telles que définies par les dispositions du Code pénal ;
- 8° a obtenu dans un autre pays l'asile ou l'autorisation d'y résider ;
- 9° renonce au statut de réfugié ;
- 10° fait l'objet d'une mesure d'expulsion ;
- 11° a obtenu la nationalité burundaise.

#### Article 114 :

Le statut de réfugié peut être révoqué lorsque des éléments graves et concordants indiquent qu'il a été accordé sur base d'informations fausses ou erronées.

#### Article 115 :

La perte du statut de réfugié fait l'objet d'une ordonnance du Ministre ayant l'administration du territoire dans ses attributions.

5° Atagishobora kubandanya avuga ko igihugu afitiye ubwénegihugu kidashobora kumukingira igihe ivyari vyamutumye yemerewa uburenganzira bw'ukwitwa impunzi bitakiraho ;

6° Adafise ubwenegihugu, ivyari vyatumye yitwa impunzi bitakiraho kandi bikaba bigishoboka ko asubira mu gihugu yari asanzwe abamwo ;

7° Yahungabanje umutekano mu Burundi canke hanze y'Uburundi nk'uko bitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko mpanavyaha ;

8° Yaronse ubuhungiro mu kindi gihugu canke uruhusha twó kuhaba ;

9° Aheyye uburenganzira bw'ukwitwa impunzi ;

10° Yafatiwe ingingo y'ukwirukanwa mu gihugu ;

11° Yaronse ubwenegihugu bw'umurundi.

#### Ingingo ya 114 :

Uburenganzira bw'ukwitwa impunzi burashobora kwakwa uwabuhawe iyo hari ivyerekana bikomeyo kandi bihuye ko ubwo burenganzira bwatanzwe hafatiwe ku nkuru z'ibinyoma canke zirimwo amahinyu.

#### Ingingo ya 115 :

Umushikiranji ajejwe intwaro yo hagati mu gihugu ni we ashinga ko impunzi itakaje uburenganzira bw'ukwitwa impunzi biciye mw'itegeko nshikiranji.

## CHAPITRE XIV : DU TRAITEMENT DES DONNEES PERSONNELLES.

### Article 116 :

Les données personnelles et les éléments biométriques de chaque demandeur d'asile et, le cas échéant, de chacun des membres de sa famille qui l'accompagne sont pris et enregistrés dans une base de données interconnectée au Commissariat Général des Migrations et à l'ONPRA.

### Article 117 :

La CCER ou le CR a accès aux données personnelles du demandeur d'asile à travers l'ONPRA, afin de :

- 1° vérifier l'identité des personnes concernées ;
- 2° vérifier si ces personnes n'ont jamais demandé l'asile au Burundi ;
- 3° vérifier s'il existe des données qui confirmant ou infirment leurs déclarations ;
- 4° tenir des statistiques et faire des rapports ;
- 5° faciliter la coopération administrative entre la CCER et les autorités compétentes du pays ;
- 6° gérer la procédure nationale d'asile de manière rationnelle, juste et efficace.

### Article 118 :

Les éléments d'identification qui alimentent la base de données sont les suivants :

- 1° l'identité tels les noms et prénoms, le nom d'emprunt, la date de naissance, le sexe et la nationalité de la personne concernée et, si nécessaire, de ses proches ;

## IGICE CA XIV : UKWIHWEZA IBIRANGA UMWE UMWE WESE MU BASABA UBUHUNGIRO

### Ingingo ya 116 :

Ibiranga umwe umwe wese mu basaba ubuhungiro n'ibimudondora hakoreshejwe ubuhinga bwa none, iyo bihari, n'ivyo uwo mu muryango wiwe wamuherekeje birafatwa bigashirwa mu cegeranyo ndangampunzi bikongera bikabonwa na Komisariya nkuru ijewe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu hamwe n'lkigo ONPRA.

### Ingingo ya 117 :

Umugwi CCER canke Komite yiyungururizo irafise uburenganzira ku biranga umwumwe wese mu basaba ubuhungiro biciye ku Kigo ONPRA, mu ntumbero yo :

- 1° Gusuzuma ibiranga abasaba ubuhungiro ;
- 2° Gusuzuma ko abo bantu batigeze basaba ubuhungiro mu Burundi ;
- 3° Gusuzuma ko hoba hari ivyatororokanijwe vyemeza canke bihakana ivyo bashikirije ;
- 4° Kuja iratorokanya ibiharuro no kugira ivyegeranyo ;
- 5° Kworohereza imigenderanire mu ntwaro hagati y'Umugwi CCER n'abalegetsi b'igihugu babifitiye ububasha ;
- 6° Gutunganya ibijanye na poritike y'igihugu yerekeye ugutanga ubuhungiro, mu buryo bubereye, ata wurenganjwe kandi bikagirira akamaro abo vyerekeye.

### Ingingo ya 118 :

Ibiranga impunzi bishirwa mw'itororokanirizo ni ibi bikurikira :

- 1° Ibimiranga nk'izina, amatazirano, izina ry'iritirano, itariki yavukiyeko, igitsina n'ubwenegihugu vy'uyo muntu iyo bikenewe n'ivy'abo baftaniye ubucuti ;

*88*

*88*

- 2° les indications relatives au passeport ou à d'autres pièces d'identité ;
- 3° les autres données permettant d'établir l'identité d'une personne notamment les empreintes digitales et visuelles ainsi que des photographies ;
- 4° les indications sur les lieux de séjour et les itinéraires empruntés ;
- 5° les indications sur les autorisations de résidence et les visas accordés ;
- 6° les raisons de fuite ;
- 7° les indications sur le dépôt éventuel d'une demande d'asile tels le lieu et la date du dépôt, le stade de la procédure, les indications sommaires sur la tenue d'une éventuelle décision.

#### Article 119 :

La CCER et le CR sont autorisés à communiquer des données personnelles des réfugiés aux autorités étrangères et aux organisations internationales intéressées pour autant que l'Etat ou l'organisation internationale en question garantisse une protection équivalente des données transmises.

#### Article 120 :

Il est interdit de communiquer à l'Etat d'origine ou de provenance des données personnelles relatives à un demandeur d'asile ou à un réfugié.

2° Ibimenyeshwa vyerekeye igitabu c'inzira canke izindi mpapuro zimuranga ;

3° Ibindi bimuranga, bifasha mu kudondora impunzi nk'amakanda y'ntoke n'ay'amaso, amafoto ;

4° Ivyerekana aho yagiye aracumbika n'inzira yaciymwo ;

5° Ivyerekana uruhusha rwo kuba ahantu n'impusha yahawe z'ukwinjira mu Burundi ;

6° Ivyatumye ahungá ;

7° Ivyerekana ko hoba hari impapuro zashikirijwe zisaba ubuhungiro nk'aho yazitanze hamwe n'igenekerezó yazitangiyeko, aho bigeze kwihezwa, n'ivyerekana mu ncamake uburemere bw'ingingo ishobora gufatwa.

#### Ingingo ya 119 :

Umugwi CCER na Komite yiyungurizo birarekuriwe guha abategetsi bo mu bindi bihugu n'amashirahamwe mpuzamakungu abisavye ibitorokanywa biranga impunzi imwimwe yose, mu gihe Reta canke ishirahamwe mpuzamakungu bibikeneye vyemeye gukingira ivyo biranga impunzi vyatorokanijwe nk'uko vyari bisanzwe bikingiwe.

#### Ingingo ya 120 :

Birabujije kumenyeshwa igihugu uwusaba ubuhungiro canke impunzi yamukamwo canke ico yaje avamwo ivyatororokanijwe vyerekeye umwe umwe wese.

## CHAPITRE XV: DE LA COOPERATION DES AUTORITES BURUNDaises AVEC LE HAUT COMMISSARIAT DES NATIONS UNIES POUR LES REFUGIES

### Article 121 :

Dans l'exercice de ses missions, le Haut-Commissariat des Nations Unies pour les Réfugiés coopère avec les autorités burundaises, en particulier dans la mise en application des dispositions de la Convention de Genève du 28 juillet 1951.

### Article 122 :

Les autorités burundaises soutiennent l'activité d'œuvres d'entraide internationale.

Le Gouvernement burundais a le rôle principal de protection des réfugiés et le HCR vient en second rang pour donner une assistance technique et matérielle.

### Article 123 :

Lorsque les autorités burundaises éprouvent des difficultés à donner asile, notamment en cas d'afflux important de réfugiés, elles envisagent, en collaboration avec le Haut-Commissariat des Nations Unies pour les Réfugiés, les mesures qu'il y a lieu de prendre, dans un esprit de solidarité internationale.

### Article 124 :

Le Gouvernement Burundais est responsable de l'accueil des demandeurs d'asile. Il est appuyé par le HCR par l'entremise de ses ONG partenaires.

### Article 125 :

Le HCR donne une assistance matérielle en faveur des demandeurs d'asile et des réfugiés, qui est constituée de vivres et non vivres, gérés et distribués par ses ONGs partenaires.

**IGICE CA XV : IVYEREKEYE JMI GENDERANIRE HAGATI Y'ABATEGETSI B'UBURUNDI N'ISHIRAHAMWE MPUZAMAKUNGU RYITaho IMPUNZI**

### Ingingo ya 121 :

Mu kurangura imirimo yayo, Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho impunzi rirafashanya n'abategetsi b'Uburundi, na cane cane mu gushira mu ngiro ingingo zijanye n'Amasezerano y'i Genève yo ku wa 28 Mukakaro 1951.

### Ingingo ya 122 :

Abategetsi b'Uburundi barashigikira ibikorwa vy'ugufashanya ku rwego mpuzamakungu.

Reta y'Uburundi niyo ifise uruhara rwa mbere rwo gukingira impunzi, Ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe impunzi rikaza ubwa kabiri mu gufasha haba mu gutanga ubuhinga canke ibikoresho.

### Ingingo ya 123 :

Mu gihe abategetsi b'Uburundi bagize ingorane zo gutanga ubuhungiro, nko mu gihe impunzi zishitse ari nyinshi cane, burategikanya, bufadikanje n'Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho impunzi ingingo zikwiye gufatwa, mu ntumbero yo gushigikirana ku rwego mpuzamakungu.

### Ingingo ya 124 :

Reta y'Uburundi niyo ijejwe kwakira abasaba ubuhungiro. Ibifashwamwo n'Ishirahamwe mpuzamakungu rifasha impunzi hamwe n'ayandi mashirahamwe bikorana.

### Ingingo ya 125 :

Ishirahamwe mpuzamakungu rifasha impunzi niryo ritanga imfashanyo z'ibiribwa n'ibikoresho vyo kubaho bitandukanye impunzi zikenera, bigatangwa n'amashirahamwe bikorana.

**Article 126 :**

Le HCR donne à travers ses partenaires, une assistance technique aux demandeurs d'asile et aux réfugiés qui porte principalement sur l'enregistrement; la détermination du statut de réfugié, le transport, l'assistance juridique, la formation, la documentation qui consiste en l'octroi des cartes de réfugiés et le paiement des frais des titres de voyage.

**Article 127 :**

Le HCR assiste les réfugiés pour trouver des solutions durables en leurs situations, en organisant notamment les opérations de rapatriement librement consenties, en procédant à la réinstallation dans un pays tiers et en jouant le rôle de facilitation des procédures d'intégration sur place.

**CHAPITRE XVI : DES DISPOSITIONS PENALES****Article 128 :**

Les actes ou les agissements infractionnels commis par les personnes reprises à l'article 2 de la présente loi sont réprimés conformément à la législation en vigueur au Burundi.

**Article 129 :**

Est puni d'une servitude pénale de six mois à deux ans et d'une amende de cinquante mille à cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement quiconque est reconnu coupable d'une des infractions suivantes :

1° prêter assistance à un étranger lorsqu'il sait ou devrait savoir que l'étranger est une personne indésirable;

2° empêcher un agent des migrations d'accomplir ses fonctions;

**Ingingo ya 126 :**

Ishirahamwe mpuzamakungu rifasha impunzi hamwe n'amashirahamwe bikorana niryo kandi ryitaho impunzi ku bijanye n'imfashanyo z'ubuhinga butandukanye nko kubakira mu kubandika, kwiga ko bemererwa ubuhungiro, kubunguruza babajana mu ma kambi y'impunzi, kubafasha imbere y'inzezo za Reta zibatunganiriza, kubigisha amateka n'amabwirizwa yabo, kubaronderera impapuro z'inzira

**Ingingo ya 127 :**

Ishirahamwe mpuzamakungu rifasha impunzi riraronderera impunzi inyishu zirama mugutunganya uguhunguika kurabo bose bavyifusa atagahato, mukubaronderera ubuhungiro mu gihugu kindi bifusa kandi bumva bomererwa neza kurusha aho bari no mugufasha impunzi zivyifusa kandi zibisave kuronka ubwenegihugu bw'tuburundi.

**IGICE CA XVI : IVYEREKEYE INGINGO MPANAVYAHÀ****Ingingo ya 128 :**

Ibikorwa canke inyifato z'ivyaha bikorwa n'abantu bayuzwe mu ngingo ya 2 y'iri bwirizwa birahanwa hisunzwe amategeko y'igihugu asanzwe akurikizwa,

**Ingingo ya 129 :**

Ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka ibiri hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi mirongo itanu gushika ku bihumbi ijana canke igihano kimwe muri ivyo conyene uwo wese yagiriwe n'icaha kimwe muri ibi bikurikira :

1° Gufasha umunyamahanga mu gihe azi canke mu gihe yotegerejwe kumenya ko uwo mu nyamahanga ari umuntu yirukanywe mu gihugu ;

2° Kubuza umukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu kurangura imirimbo yiwe ;

- 3° entrer et séjourner au Burundi en violation des dispositions de la présente loi ;
- 4° traverser ou tenter de passer par un poste-frontière ou par un autre endroit reconnu sans autorisation de l'agent des migrations ;
- 5° traverser ou tenter de passer par un endroit non autorisé ;
- 6° prêter assistance à une personne aux fins d'obtenir ce qui ne lui est pas permis par la présente loi ;
- 7° s'abstenir de dénoncer toute infraction prévue par le présent article.

#### Article 130 :

Quiconque donne une fausse information afin d'obtenir un visa, un document de voyage ou un permis de séjour pour lui-même ou pour une autre personne, est puni d'une servitude pénale de sept jours à un mois et d'une amende de vingt mille à trente mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement.

#### Article 131 :

Tout étranger ou tout citoyen de la Communauté Est Africaine qui refuse de quitter le Burundi après en avoir été notifié par une ordonnance d'expulsion, commet une infraction punissable d'une servitude pénale de quinze jours à deux mois et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement.

Il est conduit par contrainte à la frontière après avoir purgé sa peine.

- 3° Kwinjira no gucumbika mu Burundi hatubahirijwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa ;
- 4° Kujabuka canke kugerageza guca ku biro vyo ku rubibe rw'igihugu canke ahandi hantu hazwi ata ruhusha rwatanzwe n'umukozi wo mu gisata kijejwe ivyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ;
- 5° Kujabuka canke kugerageza guca ahantu hatarekuwe n'amategeko ;
- 6° Gufasha umuntu mu ntumbero yo kuronka ivyo atarekuriwe n'iri bwirizwa ;
- 7° Kutaményesha icaha cose gitegekanijwe n'iyi ngingo.

#### Ingingo ya 130 :

Uwo wese atanze inkuru itari yo kugira aronke uruhusha rw'ukwinjira mu gihugu, urwandiko rw'inzira canke uruhusha rw'ugucumbika we nyene mu gihugu canke arusabira uwundi muntu, ahanishwa umunyororo uva ku misi indwi gushika ku kwezi kumwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi mirongo ibiri gushika kubihumbi mirongo itatu canke igihano kimwe muri ivyo.

#### Ingingo ya 131 :

Umunyamahanga wese canke uwuva mu gihugu kimwe mu bigize Umuryango wibihugu vyo muri Afrika yo mu Buseruko yanse kuva mu Burundi amaze kubimenyeshwa n'itegeko ry'ukumwirukana, aba akoze icaha gihanishwa umunyororo uva ku misi icumi n'itanu gushika ku mezi abiri hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Arajanwa ku riguvu gushika ku rubibe rw'igihugu amaze kurangiza igihano yaciriwe.



**Article 132 :**

Sans préjudice des dispositions du Code du travail, est puni d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais, quiconque embauche ou continue d'employer un étranger expulsé.

**Ingingo ya 132 :**

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga akazi, ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu, uwo wese ahaye akazi canke abandanije akoresha umunyamahanga yirukanywe mu gihugu.

**Article 133 :**

Quiconque ayant facilité l'entrée illégale au Burundi d'un étranger ou d'un ressortissant des communautés ayant des conventions particulières sur les migrations avec le Burundi est puni d'une amende de cinquante mille à cent mille francs burundais.

**Ingingo ya 133 :**

Uwo wese afashije umunyamahanga kwijira mu Burundi bidaciye mu mategeko canke uwuturuka mu gihugu kimwe mu bigize Amashirahamiye yagiraniye amasezerano n'Uburundi ku vyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu, ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi mirongo itanu gushika ku bihumbi ijana.

**Article 134 :**

Quiconque refuse d'obtempérer à l'injonction de remettre son document de voyage au service des migrations est puni d'une servitude pénale de sept jours à un mois et d'une amende de vingt mille à trente mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement.

**Ingingo ya 134 :**

Uwo wese yanse kwubahiriza itegeko ry'ugutanga igitabu c'inzira mu gisata kijewe iyyerekeye ukwinjira n'ugusohoka igihugu ahanishwa igihano c'umunyororo uva ku misi indwi gushika ku kwezi hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi mirongo ibiri gushika ku bihumbi mirongo itatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

**Article 135 :**

Quiconque dégrade délibérément un document de voyage est puni d'une servitude pénale de six mois à trois ans et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement.

**Ingingo ya 135 :**

Uwo wese yononye igitabu c'inzira ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

**Article 136 :**

Quiconque utilise un document de voyage, un visa ou un permis de séjour d'une autre personne est puni d'une servitude pénale de six mois à trois ans et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement.

**Ingingo ya 136 :**

Uwo wese akoresha igitabu c'inzira, uruhusha rw'ukwinjira mu gihugu canke uruhusha rw'ukuba mu gihugu rw'uyundi muntu ahanishwa umunyororo uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

**Article 137 :**

Une société de transport de personnes qui n'exhibe pas le manifeste indiquant la liste des personnes entrant ou sortant ou qui transporte un voyageur qui n'est pas autorisé d'entrer au Burundi est punie d'une amende de cinquante mille à cent mille francs burundais.

La société qui est en violation de cette obligation peut être condamnée à l'une des peines complémentaires prévues par le Code pénal.

**CHAPITRE XVII : DES DISPOSITIONS TRANSITOIRES ET FINALES****Article 138 :**

Toutes dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

**Article 139 :**


La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Fait à Gitega, le 05 novembre 2021

Evariste NDAYISHIMIYE..

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

VU ET SCELLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE

**Ingingo ya 137 :**

Ishirahamwe ry'ukwunguruza abantu riterekana urwandiko rwerekana urutonde rw'abantu binjira n'abasohoka canke ryunguruza ingenzi itemerewe kwinjira mu Burundi ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi mirongo itanu gushika kubihumbi ijana.

Ishirahamwe ritubahirije iyo tegeko rishobora guhanishwa igihano kimwe mu vyiyongera bitegekanijwe n'lgitabu c'amategeko mpanavyaha.

**IGICE CA XVII : INGINGO Z'IMFATAKIBANZA N'IZISOZERA****Ingingo ya 138 :**

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

**Ingingo ya 139 :**

Iri bwirizwa ritangura gushirwa mu ngiro kuva umusi ritangarijweko.

Bigiriwe i Gitega, ku wa 05 Munyonyo 2021

NDAYISHIMIYE Evariste..

KUBW'UMUKURU W' IGHUGU,

BIBONYWE KANBL BISHIZWEKO  
IKIMANGU CA REPUBLIQUE  
UMUSHIMIRANGANJI W' UGONGANE,



